КIуэкIуэ Казбек щыгъуазэ зищIащ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыным теухуа жэрдэмым

КъБР-м и Iэтащхьэ иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Хъубий Маратрэ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустамрэ зыхэта зэIущIэ. Ар теухуауэ щытащ Республикэ сабий клиникэ сымаджэщыр сыт и лъэныкъуэкIи къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыным теухуауэ къапэщыт лэжьыгъэхэр зэфIэгъэхьэным.

УРЫСЕЙМ и Премьер-министр Мишустин Михаил иджыблагъэ арэзы техъуауэ щытащ сабий сымаджэщыр зэрызэрагъэпэщыжыным теухуауэ ирагъэлъэгъуа эскизхэм икIи абы Iэ щIидзащ а лэжьыгъэм трагъэкIуэдэн папщIэ гъэтIылъыгъэ фондым щыщу сом мелуани 124,9-рэ къахуэхуэтIыпщыным теухуа унафэм.

КIуэкIуэ Казбек зыхуэфащэ министерствэхэм кьалэн ящищIащ а лэжьыгъэм жыджэру щIидзэну. Сабий сымаджэщыр къызыхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным теухуа проектым тепсэлъыхьауэ щытащ КIуэкIуэ Казбек а Iуэхущ1апIэм 2020 гъэм и дыгъэгъазэм щыщыIам щыгъуэ. Я мурадщ сымаджэщыр зэрагъэпэщыжу ар зыхуей IэмэпсымэхэмкIи къызэрагъэпэщыну, апхуэдэуи сымаджэхэр зрашалIэ къудамэр нэхъ ин ящIыну.

Мы зэманым Республикэ сабий клиникэ сымаджэщырщ щыхэзгъэуцуар щIыналъэм и сабий педиатрхэм я лэжьыгъэр, мыбы дэIепыкъуныгъэ щрат унэтIыныгъэ 15-кIэ. РДКБ-м узыфэхэр кьыщахутэ и къудамэр «Узыншагъэ» лъэпкъ проектым и фIыгъэкIэ къызэгъэпэщащ КТ, МРТ, апхуэдэуи нэ узыфэхэр къызэрахутэ иджыдей IэмэпсымэхэмкIэ. Илъэс къэс сымаджэщым дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт республикэм и районхэмрэ къалэхэмрэ, ди гъунэгъу щIыналъэхэм щыщ сабий мин 15-м щигъуэм.

Иужьрей илъэсхэм кIрийбыдэу сымаджэщыр зэрагъэпэщыжащ республикэ мылъкукIэ, бюджетым щымыщ ахъшэкIэ, ауэ иджыри зыхунэмысауэ кьэнащ Iуэхущ1апIэм и къудамэ зыбжанэ, кьимыдэкIэ, инженер коммуникацэхэри зэхъуэкIыным хуейщ. Сымаджэщым технологие лъагэхэр зи Iулажьэ медицинэ дэIепыкъунигъэхэр щагъуэт хъуащ лъыхъ узыфэ зыпкърыт цIыкIуэм, апхуэдэ дыдэ гулъытэ нэгъуэщI узыфэхэр зыпкърытхэми хуащIын папщIэ къызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжыпхъэщ, хьэуар зэрагъэжьабзэ иджырей Iэмэпсымэхэр щыгъуэным, иджырей медицинэ оборудованэхэри къэщхъун хуейщ. Сымаджэщым къызэхуэтыншэу зэрагъэпэщжмэ, щIэм тету лэжьэфынущ фэбжь зыгъуэтахэм щеIэзэ, хирургие къудамэхэри.

КIуэкIуэ Казбек къыхигъэщащ сымаджэщым и хъуреягъри, и пщIантIэри зыхуей хуагъэзэну, ахэр ягъэдзэхэну, цIыхухэм кьыщакIухьыщ щIыпIэхэри ящIыну кьаззрыпэщытыр.

ЗэIущIэм апхуэдэу щызэпкърахащ узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм ехьэлIа нэгъуэщI Iэхуэхэри.

Кьалэбатэ Рустам кьыхигъэщащ коронавирус уз зэрыщIалэр зэуалIэхэм я бжыгъэм щыпIэм зэрыщыхэхьуэр. Госпиталхэм цIыху 735-рэ щIэлъщ, амбулаторнэу йоIэзэ цIыху 1300-м щигъуэм. ЩытыкIэм зэпыууэ я нэIэ зэрытетым и фIыгъэкIэ коронавирус узыфэр зыпкърытхэм зэреIэзэ хущхъуэхэр и чэзум кащхъу.

Республикэм и Iэтащхьэм пщэрыпль кьаззрыщIам тету, КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкIэ и министерствэм кьищэхуащ лыых зыр зыпкърытхэм зэреIэзэну хущхъуэу сом мелуани 8,4-рэ и уасэ. Ахэр узыфэр зыпкърытхэу сымаджэщхэм щIэлъым хуэмейхэм унэми щызэхьэлIэ хьунущ. Iэмалынцэ медицинэ страхованэмкIэ фондым и мылъкуKIэ лыых узыфэм зэрыпэщIэт хъущхъуэхэр кьыхуащху Онкологие диспансерми. КъБР-м и Правительствэм щызэхалъхьащ лыых узыфэр зыпкърытхэу амбулаторнэу зэIэзэхэр 2021 гъэм и кIэ пщIондэ хущхъуэхэмкIэ кьызэгъэпэщыным трагъэкIуэдэн папщIэ республикэ бюджетым щыщ мылъку хуэхьным теухуа Iэхуэхэр.

КIуэкIуэ Казбек кьыхигъэщащ апхуэдэ гугъуехьхэм иджыпсту къэралым и щIыналъэ куэд зэрыIуар, ауэ а Iуэхум зэпымыууэ я нэIэ трагъэтыпхъащ сымаджэхэм я хущхъуэхэр щызэблэу къэмыхъуу яIэрыхьэн папщIэ.

ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И I ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№96 (24.222) • 2021 гъэм шыщхьэуIум (августым) и 12, махуэку • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Лэжьыгъэхэр зэрекIуэкIыр къепщытэ

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек зригъэлъэгъуащ Прохладнэ къалэ округым, Прохладнэ, Май щIыналъэхэм щрагъэкIкI ухуэныгъэхэр, гъуэгуэм зэрелэжьыр.

ЩЫЩХЬЭУIУМ и 10-м а щIыпIэхэм щыщIам КIуэкIуэ Казбек кьыпщытащ Пролетарскэ кьуэжьам дэт еджапIэр зэрызэрагъэпэщыжыр. Кьэбэрдей-Балъкъэрым и унафэщIыр эфир занщIэкIэ щIыхуэхэм щепсэлъам а еджапIэм теухуа Iуэхур кьиIэтат Прохладнэ щIыналъэм щыпсэу Силенковэ Галинэ. Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэм я фIагъми ахэр щызэфIагъэкIын хуей пIалъэм кьызэримытIасэми арэзы зэрытемыхъуэр икIи ухуэныгъэм яужь итхэм я ныкъуасанигъэхэр яригъэлъагъужащ. ИрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэм хэль зэфIэмыхьэныгъэхэр нэсу ягъэзэкIуэжу еджапIэр ятыху ахэр махуэ къэс и нэIэм щIэтынущ щыналъэм и щIыпIэ администрацэм и унафэщI Журавлёв Андрей.

Республикэм и Iэтащхьэр КъБР-м транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ и министр ДыщэкI Асльэн щыгъуу щыIащ Прохладнэ кьалэ округымрэ Май щIыналъэмрэ «ФIагъ лъагэ зиIэ икIи щынагъуэншэ автомобиль гъуэгуэкIэ» программэм хьихьэу щыпIэхэм щызэрагъэпэщыжыр гъуэгуэхэм.

2020 гъэм лэжьыгъэ Iуэхукlэ Прохладнэ щыщIам КIуэкIуэ Казбек пщэрылъ ящищIауэ щытащ кьалэм и узрам нэхъыщхьэу Головком и цIэр зезыхьэр, абы кьедзэ уэрамджIкIэу Больничнэ, Почтовэ, Лесной жьыуIэхэр зыхуей хуагъэзэну. Гъуэгум километри 5,7-рэ и кIыхьагъщ. Уэрамыр илъэс пщIкIутхум щIигъукIэ зэрагъэпэщыжатэкIым, абы социальнэ мыхьэнэ зиIэ Iуэхущ1апIэхэру школхэр, сабий садхэр, гъущI вокзалыр, узыншагъэр хъумэн Iэнатlэм епхаэр, МФЦ-р, лъахэдж музейр тет пэтми.

Гъуэгум иращIылIэ лэжьыгъэхэм хохьэ гъуэгу Iуфэм Iут бордюрэхэр зэхъуэкIыныр, ар кьызэрагъэнэхуну Iэмэпсымэхэр щыгъэувыныр, лъэс зекIуапIэщIэхэр укъуэдиныр. Мы зэманым гъуэгум елэжьхэм лъэс зекIуапIэхэм кьхъуэкъэр щагъэув, гъуэгуэм псы ижьпIэхэр хуащI. Лэжьыгъэ псори дызыхуэкIуэ жэпэзгъуэм зэфIагъэкIыныщ.

Республикэм и Iэтащхьэм абы иужькIэ кьипщыта гъуэгу объектыштхуэр Прохладнэ - Елъхъуэт автомобиль гъуэгум щыщ Iыхьэу километр 12 зи кIыхьагъыщ. Гъуэгур Май щIыналъэм пхокI, жьлищ - Май кьалэр, Котляревскэ, Александровскэ станицэхэр - зэпищIэу. Гъуэгум а Iыхьэрщ Осетие Ищхьэрэ - Алание Республикэм и гъунапкъэм хуэкIуэхэм я нэхъыщхьэр. Гъуэгу лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу мыбдеж щызэрагъэпэщыжащ Аргудан псым телъ лъэмыжыр, километрипIым щIигъум зэIузэпэщ щащIащ лъэс зекIуапIэхэмрэ автобус къэувыIэпIэхэмрэ. Ухуэныгъэр фокIадэм и 1-м ирихьэлIэу ятыну я мурадщ.

Лэжьыгъэ Iуэхукlэ кьыщикIухьым КIуэкIуэ Казбек Iухьащ. Прохладнэ кьалэм щыпсэу, илъэсих зи ныбжь Малаховэ Варварэ и дек. Абы и анзшхуэ Соколенкэ Татьянэ Василий и пхъур республикэм и Iэтащхьэм иригъэкIуэкI эфир занщIэм псэлъат, и пхъурылъхум франджы бульдог хьэ лъэпкым хуэдэ тыгъэ кьыхуищыну щIэлъэIуу. КIуэкIуэ Казбек зыкъыхэрыхуагъэзар яхуигъэзащIащ икIи Варварэ апхуэдэ саугъэтым хуабжьу щыгуфыкIащ. Пщащэм джэду шыр цIыкIуэрэ тхьэкIуэмэкIыхьрэ иIэщ, ауэ хьэ иIэнырэ и хъуэпсапIэт икIи кьрата псэущхьэм занщIэу Понэ цIэ фIищащ. Варварэ КIуэкIуэ Казбек фIыщIэ хуищIащ икIи ар кьигъэгугъащ и ныбжьэгъуащIэм хуэсакъыну, ар игъэсэну.

Зи чэзу Iуэхухэр щызэпкърах

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек иригъэкIуэкIащ «муниципальнэ сыхьэт» зэIущIэр. Абы хэтащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщI Мусуков Алий, абы и къуэдзэ Хъубий Марат, КъБР-м лэжьыгъэмрэ цIыхухэм социальнэ и лъэныкъуэкIэ кьащхьэщыжыныкIэ и министр Асанов Алим, ухуэныгъэмрэ псэупIэ-комунальнэ хозяйствэмкIэ министр Бэрбэч Алим, транспортымрэ гъуэгу хозяйствэмкIэ министр ДыщэкI Асльэн, егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министр Езауэ Анзор, узыншагъэр хъумэнымкIэ министр Кьалэбатэ Рустам, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я администрацэхэм я Iэтащхьэхэр.

РЕСПУБЛИКЭМ и Iэтащхьэм кьыхигъэщащ цIыхухэм вакцинэр яхэлъхьэным хуэгъэза лэжьыгъэр кьызэрымытIасхъэр, мастэр щыхалъхьэ щIыпIэхэм махуэ къэс цIыху миниплI уахуэдэ зэрекIуалIэр. Республикэм щыпсэухэм ящыщу мастэр зыхалIн хуейхэм я процент 44-м ар зыхрагъэлъхьакIощ. Апхуэдэу щытми, щIыналъэм щыхохъуэ коронавирус узыфэ зэрыщIалэр зэуалIэхэм я бжыгъэм. Республикэм и Iэтащхьэм жиIащ госпиталхэм гъуэлъыпIэ нэщIхэр зэралэр, абы и лъэныкъуэкIэ узытегъуэзвыхьым зэрыщымыIэр икIи цIыху куэд зыхэт дауэдапщэхэр гъэмэщIэн зэрыхуейри кьыхигъэщащ.

Школхэр гъэ еджагъуэщIэм зэрыхуагъэхьэзыр щыкIэм щытепсэлъыхьым, КIуэкIуэ Казбек Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министрэм, муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм пщэрылъ ящищIащ кьызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжын хуей еджапIэхэм я проект-сметэ тхылъхэр псынщIэу ягъэхьэзырын зэрыхуейр, ахэр кьэрал программэм мы гъэм хагъэхьэну хунэсын хуэдэу. «Курыт еджапIэхэр сыткIи кьызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжыным хуэгъэза кьэрал программэу Урысейм и Президент Путин Владимир кьыхилъхьар ди дежкIэ икъукIэ мыхьэнэшхуэ зиIэщ - ди республикэм ис сабий мин тIощIым щIигъу йокIуалIэ кьызызэхуэтыншэу зэгъэпэщыжын хуей школхэм», - кьыхигъэщхьэхуIащ Iэтащхьэм.

Езауэ Анзор зэрыжиIамкIэ, гъэ еджэгъуэщIэм школхэм екIуэлIэнущ ныбжьыщIэ мини 116-рэ, абыхэм ящыщу япэ классым сабий мин 12,5-рэ кьащтэнущ. Министрым и гугъу ищIащ еджапIэхэр гъэ еджэгъуэщIэм зэрыхуэщIам, сабийхэр ерыскъы пщтыркIэ, тхылъхэмкIэ кьызэгъэпэщыным и Iуэху зыIутым.

Кьэрал, республикэ проектхэмрэ программхэмрэ гъэззащIа зэрыхъуэр зэпкърихуэу кьэпсэлъащ Мусуков Алий. Абы зэрыжиIамкIэ, лъэпкъ проектийр гъэзэщIэным трагъэкIуэдэн хуей мылъкум и процент 53-р кьыхуагъэсэбэщащ зыхухахам. И кIэм нагъэсащ проект зыбжанэм щыубзыхуахэри.

Республикэм и Iэтащхьэр щхьэхуэу кьыстеувыIащ жыIэхэм я кьабзагъэм икIи муниципальнэ зэгухьэныгъэхэм я Iэтащхьэхэм а Iуэхум гулъытэ хэха хуащIыну яхуигъэуващ. «Экологистика» Iуэхущ1апIэм и Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэным хузунэтIа лэжьыгъэхэр зэрырагъэкIуэкIри кьыхигъэщащ КIуэкIуэ Казбек.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэм къызэритамкIэ.

Ди къуэш республикэхэм

Къуажэ пхыдзахэми нэсынущ

АДЫГЕЙ. **2022 гъэм къриубыдэу Адыгэ Республикэм унэхэм газ щIэщэныр и кIэм щынагъэсыну я мурадщ. Иджыпсту жылэ 207-м дэт унэ мин 16,8-р хуэныкъуэщ газым. 2021 гъэ пщIондэ газ зэкIуалIэ жылэхэм я Iуэхур зэфIагъэкIынущ, етIанэгъэ жылэ гъунапкъэм къыщыззэтеувыIахэр дашэнурэ унэхэм ирашэлIэнущ.**

ГАЗЫР унагъуэ псоми яIэным теухуауэ Урысейм и Президентым и Унафэм кърикIуэнущ газ хозяйствэм зэрыщыту хагъэгухэм зэрызыщижьынур. Дяпэкlэ къалэн нэхъыщхьэр иджыпсту газ зимыIэхэр къэрал Iуэхущ1апIэхэм жыджэру зыщагъэтхын зэрыхуейрщ.

Адыгейм и Газпром АО-м и унафэщI Сырчин Игорь зэрыжиIамкIэ, компанием цIыхухэм Iэхуэтхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ и центрым и къудамэу щIыналъэхэм щыIэхэм е Газификацэмкlэ зыуэ щыт операторым и порталым унэм къыщIэмыкIыу зыщагъэтхьэфынущ. Абы ипкъ иткIэ, газ зыщIэшэн хуей псори къыщыгъэлъэгъуа план фокIадэм и 1 хьуху ягъэхьэзырыну къапэщыплъщ.

Бжаниерэ Бибиловрэ зэIуощIэ

АБХЪАЗ. **Къэралым и Iэтащхьэ Бжание Аслъэн лэжьыгъэ Iуэхукlэ Осетие Ищхьэм щыIащ. ЩыщхьэуIум и 6-м Цхинвал щыIущIащ а щыпIэм и президент Бибилов Анатолий.**

АБХЪАЗЫМ икIаэхэри бысымэри зэгъусэу хэтащ куржыхэр осетинхэм кьаззрытеуэрэ илъэс 13 зэрырикъум теухуауэ кьызэрагъэпэщащ щыгъуэ дауэдапщэхэм.

Осетие Ипщэм и Президентым и Администрацэм щызэIущIащ къэрал лIыщхьитIыр. «Осетие Ипщэмрэ Абхъазымрэ я цIыхубэм зэныбжьэгъугъэ я зэхуаку дэлъу лIэщIыгъуэкIэрэ кьызэдогъэгурыкIуэ. ФIыщIэ фхуэзощI ди щыгъуэ махуэм гупышхуэу фыкьызэрытхьихьам папщIэ. Гум дыркъуэ кьытезынэ мыпхуэдэ Iуэхухэр ныбжьэгъухэм кьыбдаIыгъынырэ хуабжьу лъапIэщ», - жиIащ Бибиловым. Абы и жэуапу Бжание Аслъэн жиIащ абхъазхэмрэ осетинхэмрэ гъуэгуанэ зэщхь кьызэраркIуар, гугъуехьхэм зэрыIущIэр икIи кьыхигъэщащ дяпэкlэ мамыр гъащIэ яухуэнымкIэ Iэмал, мурад хъарзынэхэр зэрыщыIэр.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Гу зылъытапхъэ

КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм жэщми махуэми щолажьэ коррупцэм пэщIэтыным теухуауэ пIэщIэгъуэкIэ цIыхухэр здэпсалъэ хъуну телефонхэр:
8(8662) 40-89-70, 40-34-32.

● Жылагъуэ

ЦIыхубэм я сэбэп зыхэлъым тращIыхь

«Урысей зэкъуэт» партым и УнафэщI Медведев Дмитрий и жылагъуэ егъэблагъэлIэу Налшык щыIэм епхауэ иджыблагъэ къызэIуахащ цIыхубэм ядэIепыкъунымкIэ штаб. Абы и лэжьыгъэ нэхъыщхьэу щытынур партым къыхилъхьэ «ЦIыхубэ программэм» хагъэхьэнухэр игъэбелджылынырщ.

ШТАБЫМ и унафэщIыр КъБР-м и Парламентым и УнафэщIым и къуэдзэ, «Урысей зэкъуэт» партым и щIыналъэ кьудамэм и советым и Президиумым хэт Кьардэн Муратщ. Абы зэрыжиIамкIэ, штабым хагъэхьащ Профсоюз Iуэхущ1апIэхэм я федерацэм, мыкомерцэ Iуэхущ1апIэхэм, щIалэгъуалэ, ветеран зэгухьэныгъэхэм я лIыкIэхэр, ныкъуэдыкъуэхэр, бынунагъуэщхуэ зиIэхэр.

- Штабым и лэжьыгъэр зэриубзыхуным дыкъытеувыIэнщи, ди мурадхэм ящыщщ цIыхухэр кьедгъэблагъэу я Iуэху еплъыкIэ дедэIуэныр, егъэджэныгъэ, узыншагъэ, спорт, мэкъумэш Iэнатlэхэм щылажьэхэр кьетшалIэуэрэ «стIол хъурейхэр» едгъэкIуэкIыныр, нэгъуэщIхэри. Апхуэдэ зэIущIэхэм щыдгъэбелджылынущ жылагъуэр нэхъыбэу зытегъэзэвыхь Iуэхугъуэ пыухыкIахэм дызэрелэжьыну щыкIэр, - жиIащ Кьардэным.

Мыпхуэдэ штабхэр Урысейм и нэгъуэщI щIыналъэ куэдми кьыщызэIуахащ, зэрыжьтIауэ, абы и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр зэпхар «ЦIыхубэ программэр» зэфIэгъэувэным жылагъуэри кьыхагъэхьэну зэрыхуейщ. Штабым хэтхэр республикэм щыпсэухэм яIущIэнущ, я Iуэху гурыгъугурыщIэм теухуауэ епсэлъэну. АбыкIэ кьадэIепыкъунущ волонтёр гупхэм хэтхэри.

«ЦIыхубэ программэм» кьыщагъэлъэгъуэну Iуэхугъуэхэрщ «Урысей зэкъуэт» партым хэхьиныгъэхэм тегъэщIапIэ щищIынур.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

ТхакIуэр ягъэлъапIэу

Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ, Хэку зауэшхуэм лыхъужьыгъэ зэрихьэу хэта, адыгэбзэм, лъэпкъ Iуэрыпуатэмрэ литературэмрэ теухуа щIэныгъэ тхыгъэхэр, романхэмрэ Iуэтэжхэмрэ зи кьалэмыпэм кьыщIэкIа Нало Ахьмэдхъан кьызэралъхурэ илъэси 100 зэрыркъум иращIэкI гуфIэгъуэ Iуэхуэм ящыщ зыуэ дынейм кьытехьащ усакIуэм и сурэт зытет пощт карточкэ.



КъБР-м и Коллекционерхэм я зэгухьэныгъэмрэ Урысейм и пощтымрэ я жэрдэмкIэ ар кьыдэкIащ. Минищ хъууэ традза фэепль карточкэхэр Урысей псом щызэбгрыкIынущ. Ахэр, шэч хэмылъу, ди кьэралым щыпсэу коллекционерхэм, конверт, карточкэ, бгъэхэIу, нэгъуэщIхэри зэхуэзыхьэсхэм я гъэтIылъыгъэхэм ящыщ зы хуэхэр нэгъуэщI лъэпкъхэм, дуней псом къегъэщIыхуныр.

Иджыри зы Iуэхугъуэ кьыхэгъэщын хуейщ. Зи сурэт карточкэм традза цIыхур кьыщалъхуа махуэм ирихьэлIэу пощт маркэхэр кьызэрагъэсэбэпам щыгъуэт техъуэ мыхъуурыр тегъэуэфэну, «гашение» жыхуаIэр, пощтым щокIуэкI. Апхуэдэу, Налшык и Пощт Iуэхущ1апIэ нэхъыщхьэм щыщхьэуIум и 10-м карточкэхэм щытрагъэуащ Налом и сурэтыр. «КъыхэгъэжьыкIа» сурэтым и мыхьэнэр апхуэдэ дамыгъэ зытегъэуа карточкэр, нэгъуэщI маркэ гуэри хузмейуэ, дэни ебгъэхь зэрыхурщ.

ИСТЭПАН Залинэ.



«Адыгэ псалъэр» къезыгъэхьхэм папщIэ

ПщIэ зыхуэтщI ди щIэджыкIакIуэхэ!

«Адыгэ псалъэ» газетыр зыIэрыхьэну хуейхэм хъыбар фыдогъащIэ - фокIадэм (сентябрым) къыщыщIэдзауэ ар кьевгъэхьын папщIэ Iэ щыщIэдзэ хъунущ Урысей пощтым и дэтхэнэ Iуэхущ1апIэми.

Мази 4-м «Адыгэ псалъэ» газетым и уасэр сом 466-рэщ.

Ди индексыр П 5894

Щіэтіысхьэгъуэм теухуауэ иджыри зэ

● Егъэджэныгъэ

Бэрбэч Хьэтіутіэ и ціэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым щіэхуахэм ятеухуа япэ унафэхэр щіэтіысхьэхэм я тхылъымпіэхэм хэплъэ Къэпщытакіуэ гупым къищтэу хуежьащ.

КъБКъУ-м щіэхуахэм ятеухуа унафэхэр къэзыщтэ Къэпщытакіуэ гупым и япэ зэіуціэр 2021 гъэм шыщхьэуІум и 6-м екіуэкІащ. Япэ унафэхэр ятеухуат къэралым и мылъкукІэ еджэну квотэ хэхакІэ (льготные категории) щІэтІысхьэхэмрэ Іэнатіэ зэмылІэужьыгьуэхэм кьабгъэдэкІа жэрдэмыр и лъабжьэу еджапІэм кьакІуэхэм я квотэкІэ (целевая квота) щІэтІысхьэхэмрэ. Мыбыхэм ящыщу цІыхуи 139-рэ къэралым и мылъкуКІэ бакалавриатым и программмэхэмрэ Іэщіагъэ пыухыкІахэр зэрызрагъэгъуэт программмэхэмкІэ еджэнухэм ЯхэхуащІ.

Іэщіагъэ зэхуэмыдэхэмкІэ я щІэныгъэм щыхагъэхьуэну аспирантурэм щІэхуахэм я унафэрэ щхьэхуэу къащтащ. Мы дзэзыр 2021 гъэм къэралым и мылъкуКІэ еджну аспирантурэм цІыху 23-рэ щІэтІысхьащ, абы щыщу зы цІыхур Іэнатіэм къыбгъэдэкІа жэрдэмыр и лъабжьэу еджэнухэм ящыщащ.

Адэкіэ КъБКъУ-м щІэтІысхьэхэм я тхылъымпІэхэм хэплъэ Къэпщытакіуэ гупым и лэжьыгъэ зэриунэтІынум и гугъу тщІыпІэ, ар къэрал хабзэхэмрэ зэрыщІэтІысхьэ щІыкІэхэм ятеухуауэ щыІэ унафэхэмрэ ятещІыхьауэ щытынущ. Зыуэ щыт къэрал экзаменхэм кьриКІуэ баллхэмрэ курыт еджапІэм щызыІэрагъэхьа екъуІэнІэзэхэмкІэ зэфІэкІ лъагэ ящ.ззыгъэлъэгъуауэ къэралым и мылъкукІэ бакалавриатым и программмэхэмрэ Іэщіагъэ пыухыкІахэр зэрызрагъэгъуэт программмэхэмкІэ еджэнухэм КъБКъУ-м щІэтІысхьэну зэрыарэзымкІэ шыщхьэуІум и 11-м сыхьэт 18.00 пщІондэ тхылъымпІэм Іэ щІидзын хуейщ. А махуэм щегъэжьауэ ар КъБКъУ-м и студенту ябжьынущ. Мыбы екъэлІа унафэр шыщхьэуІум и 17-м къащтэнущ.

Зэгурыуэныгъэ зэращІыпІэу пщІэ зыщІат программмэхэмкІэ еджэну хуейуэ зыуэ щыт къэрал экзаменхэм къыщахьа баллхэм япкъ иткІэ щІэтІысхьэхэм я тхылъымпІэхэр шыщхьэуІум и 25 пщІондэ къат хъунущ, къыхаха унэтІыныгъэм хуеджэну зэрыщІэтІысхьэмкІэ арэзы зэрыхъур къэзыгъэлъагъуэ тхылъымпІэм шыщхьэуІум и 28-м Іэ щІидзын хуейщ. Абы иужькІэ КъБКъУ-м и студент зэрыхъуахьэ унафэр шыщхьэуІум и 31-м къащтэнущ. Ауэ зэгурыуэныгъэ зэращІыпІэу пщІэ зыщІат программмэхэмкІэ еджэну хуейуэ университет кІуэцІым щекІуэкІыну гъэунэхуныгъэхэм апкъ иткІэ щІэтІысхьэхэм я тхылъымпІэхэр шыщхьэуІум и 10 пщІондэ къатын хуейщ. Махуэ-рыеджэу щымытхэм пщІэ ягъэуа пІалъэхэр зэщхьэщокІ, абы теуха хъыбарыр КъБКъУ-м и Къэпщытакіуэ гупым я сайтым илъэпкъ.

Къэралым и мылъкукІэ магистратурэм и программмэхэмкІэ еджэнухэм я тхылъымпІэхэр бадзэуэгъуэм и 31-м къыІаухыныр ягъэувыІащ. Къыхаха унэтІыныгъэм хуеджэну зэрыарэзымкІэ тхылъымпІэм шыщхьэуІум и 10-м Іэ щІадзащ, КъБКъУ-м зэрыщІэхуэкІэ унафэр дяпэкІэ шыщхьэуІум и 13-м къащтэнущ. Зэгурыуэныгъэ зэращІыпІэу пщІэ зыщІат программмэхэмкІэ магистратурэм хуейхэм я тхылъымпІэхэр шыщхьэуІум и 17 пщІондэ къыІахынущ, зэрыщІэтІысхьамкІэ унафэ пыухыкІахэри шыщхьэуІум и 27 пщІондэ къащтэнущ.

Іэщіагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэкэр (колледжхэр) къэзыухахэм я тхылъымпІэхэр иджыри къыІах. Университетым къэзэрригъэпэщ гъэунэхуныгъэхэм хьихьэхэм папщІэ зэрыщІэтІысхьэ тхылъымпІэхэр шыщхьэуІум и 10 пщІондэ, апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэм хэмытхэм шыщхьэуІум и 15 пщІондэ къыІахынущ. Іэщіагъэ щрагъэгъуэт курыт еджапІэхэр (колледжхэр) къэзыухахэм ящыщу я аттестатхэм е дипломхэм кьриКІуэ балл бжьыгъэхэм апкъ иткІэ екІуэкІыну зэхьэзэхэхэм кьриКІуэхэр шыщхьэуІум и 20-м нахуэ хъунущ. Мы гупым щыщу къэралым и мылъкуКІэ еджэну университетым щІэхуахэм я унафэр шыщхьэуІум и 27-м къащтэнущ, зэгурыуэныгъэ зэращІыпІэу пщІэ зыщІат программмэхэмкІэ еджэнукъэхэм я унафэр шыщхьэуІум и 31-м къыдэкІынущ.

Мы гъэм зэрыщІэтІысхьэ тхылъымпІэхэр университетым щхьэзэрыИхьар пэІудзауэщ. Ар щІэтІысхьэгъуэм пщІа лэжьыгъэм щхьэхуэнагъэу иІэхэм ящыщщ. «Абы щхьэкІэ «Къэрал Іуэхутхьэбзэхэр» жьІуиІэ сервисым ухыхьэу «Университетым пІудзауэ щІэтІысхьэн» напэкІуэщІым узэрригъэуаэзм хуэдэу е пощтым и Іэмалхэр къэбгъэсебэпу тхылъымпІэхэр егъэхьын хуейуэ аращ. Университетым зи тхылъымпІэ кьыщІэзылъхьахэм я Іуэху зыІутыр щызэрагъэщІофынущ е зыщІэупщІэн щыІэмэ жэуап къыщагъуэтынущ колл-центрым (42-27-79, 8800-201-13-44).

Апхуэдэу зэпыу имыІэу мэлажьэ, къиувэ хъыбархэр къыщыщІэрэщІэж зэпытщ КъБКъУ-м и Къэпщытакіуэ гупым и сайтыр (pk.kbsu.ru). Мыбдеж хэти къыщигъуэтыфынущ щІэтІысхьэгъуэм епха къэрал хабзэхэр, зэрагъэзэнуэ экзаменхэр щатыну махуэхэр, абыхэм къариКІуахэр.

КъБКъУ-м щІэтІысхьэну хуейхэм я упщІэхэм жэуап пыухыкІа щагъуэтынущ Къэпщытакіуэ гупым жэуап зыхь и секретарь Табыщ Тимур деж. ЩІэтІысхьэ ныбжьыщІахэм, абыхэм я адэ-анэхэми ядригъэкІуэкІ зэІущІэхэм кьрагъэблагъэ кьыхаха унэтІыныгъэмкІэ Іэщіагъэлілэр, кьудамэхэм я унафэщІэр.

ШУРДЫМ Динэ.

● Лэскэн щІыналъэ

Гъуэгум тІууэ зыщегуэш

Къэбэрдей-Балъкъэрым ипщэ-къуэкІыпІэ лъэныкъуэмкІэ щыдиІэ къурш дыхьэпІэхэр зыгъэпщкІуа мэзылъэ жьэгъуэхэм я лъабжьэкІэ къыщыс къуажэхэм я гугъу тщІынщ.

ЛЭСКЭН псыхъуэм дахащэу зыдзэыгъэзэгъа Ерокъуэ адыгэ жылэм ублэжа иужькІэ, ди гъунэгъу республикэм и гъунапкъэр зэпыбоупщІри, Лэскэн Езанэ осетин къуажэм удолъадэ. Абы узэрыдэжу, лъагапІэ гуэрым укъытохутэ (аращ кІуапІэу иІэри).

Псыр зыдэт тІуащІэр ищхьэхэмкІэ щынэхъэвщ икІи удыхьэну гугъущ. АбыкІэ тынщу щызэхэзекІуэр зи къащІэр лъагэу Іэта машинэхэрщ. Арагъэнщ, гъуэгу нэхъыщхьэр, ищхъэрэкІэ къиКІыну щыдзэкІуейкІэ, Лэскэн Езанэ осетин къуажэм къызэрыфІэкІыу, сэмэгу лъэныкъуэмкІэ къэлъагъуэ лъагапІэм (тІуатещІащхьэ шытхым) щІыхуеІэри.

ГъэщІэгъуэнщ, абы удэкІа иужькІи зыхэпщІэ гурыщІэм укІэлъыплъыжыну: мыдэ къыпхуэгъэІэсэнкІэ шэч къызытепхьэу щьта шы ІэубыдыпІэншэ гъэрым ушэсам хуэдэщ, уи гукъыдэжым апхуэдизу зыкъыщыщІэІэтэри. А лъагапІэм укъытехутауэ укъыхэпплъэкІыжмэ, зыкъызыщхьэщыпІэтыкІа кІейри (тІуащІэ лъащІэр), Лэскэн Езанэ къуажэри, абы и Іэгъуэблагъэри Іэгум илъым хуэдэу дахащэу уолъагъу. Сэнтхым осетинхэр «Касани сар»-кІэ йоджэ («сар» - «щхьэ», «касани» - «укъызыщыеплъых хъу». Сытми, «укъызыщыеплъых хъу лъагапІэ», «къеплъыхьпІэ» жьІуиІэщ.

Хъуихэ я къуажэ (Лэскэн Езанэм и къежьэкІэр)

Осетиемрэ Къэбэрдеймрэ куэд щІауэ щащІыху Бетрожьхэрэ Хъуихэрэ (Хаевжэрэ) къатепщІыкІа лІакъэхэр. Ахэр Урыху и псыхъуащхьэхэм щхьэхуту дэса Донифарс жылагъуэм 1866 гъэм къраГъэІэпхъуКІри, Тэрч областым хьихьэ Къэбэрдей округым къагъэкІуащ. А лъэпкъитІым я къежІуэкІыкІари щхьэкІэ зэтохуэ. Урыхужь зыщыІэзхуихьэс къуэладжэ абрагъуэр абгъуэ папщІэу щаІами, ахэр илъэсищэ бжьыгъэкІэ абдежми щыІэзгъэнэгъуащ: Хъуихэ - Донифарс, Бетрожьхэ - Лезгор хьэблэхэр я хэщІапІэу.

Гъавэ щІапІэ щызимыІэхэр къуршы къикІыну хуит щащІым, Хъуихэ я унагъуи 8-м Къуэгъулъкъуейр хуагъэльэгъуащ, Бетрожьхэ я унагъуи 4-р Хьэтуей дагъэтІысхьащ. ЯщщІыкІэ а лІакъуитІыр мыбдежми щызэкІэрымыхуным хуэдэу зэгъуэнгъу щыхъуат. АрщхьэкІэ, иужьым Хъуихэ Налшык округым и тетым дежлъэІуащ, Лэскэн кІейм хуэпІэ папщІэу Анзор Аслъэмырзэ къыщигъэсебэпу щьта щы Іыхьэм жьлэ щхьэхуэу щрагъэтІысхьэну.

А лъэІур щыхуагъэзащІэм, абыхэм куэд дэмыкІыу къагъэтІысхьащ щІы нэхъ къызэмэщІэкІхэм ящыщу Дигорым кърагъэІэпхъуххэмрэ Осетием и адрей жылагъуэхэм къыдэкІ хэхэсхэмрэ. Аузэрэ здекІуэкІым, Хъуихэ я жылэр осетин къуажэшхуэ хъуащ. Арагъэнущ мы лІакъуэр Бетрожьхэ хуэдэу адыгэхэм щІахэмызэрыхьыжари. ЖылагъуэщІэм щхьэкІэ, урысхэм «Хаевскэ», адыгэхэм «Хъуихъуажэ» жаІэу куэдрэ къежІуэкІащ. А къуажэм «Лэскэн» цІэр щытеІуэкІар 1893 гъэм къыщыщІэдзауэщ.

Октябрь Революцэ Иным и пэ кьихуэу Лэскэн осетин къуажэр Налшык округым и 3-нэ участкэм хиубыдэу щытащ. Мы жылэмрэ абы кьедза щІыгумрэ Владикавказ округым щыхаГъэхьар абы теухуауэ унафэ щхьэхуэ Тэрч область ревкомым кІащта иужькІэщ. ТхыдэмкІэ дэфтэрхэм къызэрыхэщыжыкмкІэ, Лэскэн къуажэм и ревкомым и унафэщІ Чебоев Ахьсар 1920 гъэм мэкъуауэгъуэм и 6-м Налшык округым и ревкомым и тхьэмадэм хуиутхуэу щытащ, я къуажэр Къэбэрдейм къыкІэрамычыну лъаІуэу. «... Сыту жьІпІэмэ, - итщ а тхыгъэм, - жьлэздэсхэр адыгэхэм апхуэдизкІэ есащи, абыхэм къагуэкІыныр тхьэмыщкІагъэшхуэу кьалъытэнущ».

Къуршым нэхъ пэгъунэгъуу

Сэнтхыщхьэм гъэугур тІууэ щызэхокІ. Ижьымкіэ Къэбэрдей-Балъкъэрым хиубыдэ Лэскэн Ипщэ, Ташлы-Тала къуажэхэр щыІащ. СэмэгумкІэ пмыркІ гъэугур Осетие Ищхъэрэм и щІынальэм нэхъ куужу уизышэщ.

Ижьымкіэ щыІэ Лэскэн Ипщэ, Ташлы-Тала къуажэ цІыкІуитІым я къэунэхукІэ хъуахэр гъэщІэгъуэнщ. Ялэр, ихъуреягъкІэ кьепщІэкІа мэзхэм щІагъэна къуакІэбгыкІэ мылъагъэ дыдэхэм «къакъуэлпъ», Лэскэн и къуэладжэ дыхьэнейм и лъабжьэхэмкІэ щысщ. ЕтІуанэр, Ташлы-Тала, къырыпІэ жьанэм Хъырзынэпс (Хъазнидон) къыщыдэнэхуКІым деж щІыуэпсым сэмэгу лъэныкъуэмкІэ щыдрищІея мывальэ тафэм зытриуфэбгъуауэ тесщ.

Лэскэн Ипщэ

Мэзыр куэду зэрыщыІэм кьыхэкІкІэ, иджырей Лэскэн Ипщэр здэщыт щІыпІэм деж, ялэщІыкІэ, 1929 гъэм, пхъэ щызэгуах заводрэ абы кьепха цехрэ щаухуауэ щытащ. А предприятэ цІыкІуитІым я Іэгъуэблагъэм тІэкІу-тІэкІуурэ щетІысха унагъуэхэм 1948 гъэм къуажэ цІыкІу къытрагъэпщІыкІащ. А зэманым Лэскэн Ипщэм «Фанерн»-кІи еджэрт.

Совет лъэхъэнэхэм жылэ цІыкІум дэтар класси 8 еджапІэт. Абы и ужь кІыхьым гъэмахуэ хуэамэ пионер лагерь къыщызэрагъэпэщыРти, Аруан районым и школакІуэхэм зыщагъэпсэхуурт. Си щхьэкІэ абы тІэунейрэ пІалъэ пщыхьэ гуэркІэ сыщыІауэ щытащ, сабиигъуэр щисха Лэскэн ЕтІуанэм, нэгъуэщІ си еджэгъу цІыкІухэм садыщыІагъуу, сыкъэрашурэ. ИужькІи, ди анэм дыкъызэщІикъуэурэ, си къуэш Амиррэ сэрэ ди хадэм ит кхъужьей жыгъшхуэхэм къапыщэщхэр къыдигъэщыпурэ «Фанернэм» мызэ-мытІуэ дигъэхьауэ щытащ, а къуажэм дэт бззэр цІыкІум щыдигъэщэн папщІэ. ЕджапІэ нэхъыщхьэр къыщызуха илъэсми, си гур абыкІэ щыІэти, а махуэхэм ирихьлІэу ди деж хьэщІапІэ къэкІуауэ щыта, си анзш къуэш Бэрау Артуррэ сэрэ, къуэм дэт псыр къыздыщыщидзэр къэтхутэн мурадыр диІэу, пшапэзэхуэгъуэ хуэа пэтми, Лэскэн Ипщэ нэс автобускІэ зыдредгъэшлёри, абы и псыхъуащхьэхэмкІэ дыдэущеиуэ щытащ...

Абы лъандэрэ Лэскэн Ипщэ сыдэмыхьами, иджыпсту хуэдэу си нэгу кьысхуІэгъэувжьынущ а жылэ цІыкІум дэта унэхэм я ухуэкІэу щытари, уэрамхэм я зыгъэзэкІри, пэгъунэгъуу блэж псыр пщэдджьжьКІэрэ псэм дыхьэу кьабзащэу, къэзыухуреихь мэзхэм къащІиху салъкъыныр пкъым щызу зыщІэтшэу зэрыщытари.

2020 гъэм Лэскэн Ипщэм цІыхуи 150-рэ дэсащ. Абыхэм ящыщу 62-р адыгэт, 51-р осетинт, 22-р урыст, 13-р балъкъэрт, 2-р тэтэрт.

КЪУМАХУЭ Аслъэн.

● Фэеплъ

БлэкІам урилъэжмэ...

115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шу дивизэм хэта зауэлІхэм я фэеплъу Тэрч къэзым дэтым деж иджыблагъэ пэкІу щекІуэкІащ. Ар траухуат илъэс 79-кІэ уэзІэбэкІыжмэ, бадзэуэгъуэм и кІэм къыщыщІэдзауэ шыщхьэуІум ику пщІондэ Ростов областым хьихьэ Мартыновкэ районым и тафэхэм щызэуа, зи псэр абдеж щызыгъэтІылъа ди лъэпкъэгъуэхэр ягу къаГъэкІыжыным.

ІУЭХУР къызэрагъэпэщащ Тэрч районым и Жылагъуэ палатэм и жэрдэмкІэ. Абы екІуэлІащ политикэ партхэм, жылагъуэ Іуэхущ1апІэхэм я лІыкІуэхэмрэ школакІуэхэм я урысей зэщІэхъеенныгъэм хэтхэмрэ.

Кьызэхуэсахэм удэ гъэгъахэр фэеплъым тралъха нэужь, дакъикъэкІэ яхуэщыгъуащ 115-нэ шу гупым хэта лІыжьхьэм.

Зэхьихэм къыщыпсэлъащ Тэрч районым и Жылагъуэ палатэм и унафэщІ КІэрэф Мурадин, «Урысей зэкъуэт» партым и щІыпІэ къудамэу Тэрч районым щыІэм и унафэщІ Сокмыщіэ Арсен, Зауэм, лэжьыгъэм, хабзэхъумэ Іуэхущ1апІэхэм я ветеранхэм я район советым и тхьэмадэ Іащьэ Валерэ, КПРФ-м и район комитетым и президиумым хэт ТІыхъужь МуІзед, ДОСААФ-м и район Іуэхущ1апІэм и унафэщІ Болэ Артур, афган зауэлІхэм къабгъэдэкІыу Къэжэр Хьэмыщэ сымэ.

Дэтхэнэми кьыхигъэщащ 115-нэ шу дивизэм хэтахэм зэрахьа лІыгъэм и мыхьэнэуэ щытар, СталинградебгъэрыкІуэ зэрыпхъуакІуэхэм щхьэемыгъазэу ахэр зэрыпэщІэтар. Абдежым яГу кьыщагъэкІыжащ икІи зырызыхэу я щІэ кьыщрагъуащ Тэрч щІыналъэм щыщу шуудзэм хэтахэм.

КІэрэф Мурадин кьызэхуэсахэр щигъэгъуэзащ Мартыновкэ щІыналъэм мызэмыгІэу лІыкІуэ гупым яхэту зэрыщыІар, ди лІыхъужьхэм я къащхьэхэр зэрилъэгъуар, ахэр хуэсакъыу абы щыпсэуэхэм зэрызэрахьар, а псор щІэблэр хэкупсу къэгъэхуным теухуауэ зэрыщытыр. Адэкіэ «Юнармия» жылагъуэ зэгухьэныгъэм хэтхэм яритащ лъыхъуакІуэхэм Мартыновкэ районым и Іэгъуэблагъэхэм кьыщагъуэта адыгэ сэшхуэм и къумэр танким кърагъэлъэпъа гильзэрэ. Ахэр зэгурыІуащ а щІэинхэр Тэрч къалэм дэт Тхьідэмкіэ унэм щІалъхьэну.

115-нэ шу дивизэм хэтахэм я фэеплъыр уахътышэ щІын зэрыхуейр щыжаІащ пэкІум.

БАГЪЭТЫР Луизэ.

● Узыншагъэ

Госпиталыщіэ ягъэхьэзыр

Налшык къалэ клиникэ сымаджэщ №1-м и ухуэныгъэхэм ящыщу къати 8-уэ зэтет унэр коронавирус уэнфэ зэрыщІэхэм щеІэзэ госпиталу къызэрыхэІуахьыным хуагъэхьэзыр. Лэжьыгъэр зэрекІуэкІыр зригъэлъэгъуащ КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкІэ и министр Къалэбатэ Рустам.

МЫ ЗЭМАНЫМ иужь итщ КТ зэращІ, диагностикэ аппаратхэр зыщІагъэувэну пэшхэр зыхуэИ хуэгъэзэзным, медицинэ Іэмэпсымэщіэхэр зыгъэлэжьну ток кІапсэхэр щхьэхуэу къыхэшыным. Апхуэдэу министрым зыщигъэгъуэзащ сымаджэщым и кислород станцэм я лэжьэкІэм. Нэхъапэм сымаджэщым и корпусхэм я станцэхэр зэхэхауэ щытащ, иджы ахэр поэри зэхагъэхьэжащ.

КъищынэмыщІауэ, сымаджэщым щагъэуващ кислород гъэтІылъэхэр зэрыт хуымапІэхэр. Апхуэдэхэр яІэщ республикэм и госпиталищым. КъБР-м Узыншагъэр хъумэнымкІэ и министерствэм ахэр къищэхуауэ щытащ республикэм и Іэтащхьэ КІуэкІуэ Казбек и унафэкІэ щІынальэ бюджетым къыхагъэкІа мылъкумкІэ.

Сымаджэщым и лифтхэри яхъуэжащ. Ялэм тІу яІэу щытамэ, иджы абы кьыжьэщащ сымаджэ хьэлъэхэр къызэрырашэкІым лифтри. Иджыблагъэ лажьэр зыщ, мыгувэу адрей тІури яутІыпщынщ.

Министрыр арэзы къищащ зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щІэгъэхуэбжьауэ икІи фІагъ иІэу зэрекІуэкІым.

ЩХЬЭЩЭМЫЩІ Иэз.

● Гу зылъытапхъэ

Сакъыныгъэм къыхураджэ

УФ-м Мэкъумэш Іэнатіэм щызекІуэ хабзэхэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъынымкІэ и къэрал Іуэхущ1апІэм («Россельхознадзор») Кавказ Ищхъэрэм щиІэ къудамэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыпсэуэхэм яГу къегъэкІыж сату щащІыну хуитынигъэ щамыІэ щыпІэхэм щыхуэзм къыщащэку ерысскъыпхъэхэр эпидемиологие и лъэныкъуэкІэ щынагъуэу щытынкІэ зэрыхъунур. Санитар-эпидемиологие мардэхэр зэмыгъэзащІэ, ветеринар-санитар хабзэхэр къызэпызыуд затуущІэхэм я зэранкІэ къэхъеинкІэ хъунущ уэ зэрыщІалэхэр.

УЗЫНШАГЪЭР хъума хъун папщІэ, Іэщіагъэлэхэм чэнджэщ зыбжанэ ят. Абыхэм ящыщщ сатум хуэмыщІа щыпІэхэу автобус къэувыІапІэхэм, вокзалхэм, щыщІагъ зэпрыкІыпІэхэм, бззэрхэм я Іэшэлъашэхэм, тыкуэнхэм апэгъэнэгъухэм, псэупІэ унэхэм я пщІантІэхэм, нэгъуэщІхэми ерыскъыпхъэхэр къыщымыщэхныр. Зэрыхабзэщи, а щІыпІэхэм сату щызыщІхэм я нэхъыбапІэм яІэкъым апхуэдэ Іуэхуэхэр щызэфІэпхкІа Іэмал имыІэу уиІэн хуей санитар хуитынигъэр. Кьинэмыщіауэ, абыхэм ящэ ерыскъыпхъэхэри санитар хэщІытынгъэм кІуэцІрыкІакъым. Сатур щІы дыдэм е автомашинэ щІыпІэхэу щоклэкІ, къабзагъэмрэ гигиенэмкІэ хабзэхэр къызэпауду.

Ауэ щыхьыкІэ, апхуэдэ щІыпІэхэм щащэ ерыскъыпхъэхэр, хадэжкІхэр, пхъэщхьэмыщхьэхэр щыхум и узыншагъэм и дежкІэ щынагъуэнщэу щытыкъым. Абыхэм къашэнкІэ хъунущ дизентерие, сальмонелёз, жьэн уз, ботулизм, нэгъуэщІ уз зэрыщІалэ лІэужьыгъуэхэр. Ахэр къэзыгъэхъуей бактериехэр и нэхъыбапІэм къыщыхэкІыр къабзэлъабзэу щымыт ерыскъыпхъэхэращ. Апхуэдэ бактериехэр псынщІэу мэбагъуэ, загуэш, Іэпкълъапкъым зыщагъжь, зэранышхуэ хуэхъуу.

«Россельхознадзор»-м и ІэщіагъэлІхэр тогуэзвыхь цІыхухэм я узыншагъэм. Аращ ерыскъыпхъэр абы хуахаха щыІапІэхэм фІэкІа къыщамыщхуну къыщІыхураджэр.

ТАМБИЙ Линэ.

Нобэрэ пщэдейрэ

Щыщхьэуіум и 12, *махуэку*

♦ЩІалэгъуалэм я дунейпсо махуэщ

♦Каспий тенджызым и дунейпсо махуэщ

♦Урысейм и Дзэ-Хьэуа Къаруэхэм я махуэщ

♦Таиландым щыпсэуэхэм яГъэлъапІэ анэм и махуэр

♦1851 гъэм Америкэм щыщ дзрбэзгр Зингер Исаак Іэрыгъадэ машинэщІэ къигупсысащ. Махуэ 11 къудейкІэщ ар зэрелІэлІар иужькІэ езыр дуней псом цІэрыІуэ щызыщІа, и цІэр зезыхьэ я Іэмэпсымэр зэпкърилъхьэным.

♦1865 гъэм Инджылызым щыщ хирург Листер Джозеф операцэ зэрищІ Іэмэпсымэхэмрэ и Іэхэмрэ микробхэр кІэриГъэкъэбзыкІын щхьэкІэ япэу къигъэсебэпащэу щытащ фенол (карболовая кислота) жьІуиІэр. Операцэ нэужьым уІэгъэхэр е екІуэрэ иПыкІхэм я бжьгъэр абы и фІагъкІэ хуэдищкІэ нэхъ мащІэ хъуауэ щытащ.

♦1953 гъэм СССР-м дунейм щыпэру водородныр бомбэ игъэунэхуащ.

♦1981 гъэм США-м и ІВМ компанием къыщІигъэкІащ цІыхум щыхуей щыпІэм деж щигъэувы къыгъэсебэпным тещІыхьа компьютер.

♦1985 гъэм «Японием и авиалинэхэм» я «Боинг 747» кхъухьлъатэр Оцутакэ бгым еуащ. А гуэвэгъуэм цІыху 520-рэ хэкІуэдат, 4-р кьелат. Кхъухьлъатэ кьехуэхьу апхуэдиз цІыху зэуэ щыхэкІуэда абы фІэкІа кхъухьатэкъым.

♦2000 гъэм Баренцевэ тенджызым дзэ зыгъэсэныгъэхэр щекІуэкІыну щІилъэфащ «Курск» псыщІагъырыкІуэ кхъухьащ. Абы иса цІыхуи 118-рэ хэкІуэдащ.

♦2013 гъэм Урысейм лэжьын щыщІидзащ цІыхухэр пІэщІэгъуэкІэ зыхуэх хьу Іуэхутхьэбзэхэм зэрыщІэупщІэ телефон номерым - 112-м.

♦Урыс хьідзэлІ, кьэхутакІуэ цІэрыІуэ **Беринг Витус** къызэралъхурэ 340-рэ ирокъу. Абы я экспедицэхэм къыщІухутахэм мыхьэнэшхуэ яІащ дунейм и картэр зэхэгъуэзэнымкІэ. И лэжьыгъэшхуэхэм папщІэ фІыщІэ зэрыхуащІар къагъэлъагъуэзу абы фэеплъ куэд хуагъэуващ, и цІэр щыпІэхэм фІащащ. Абыхэм ящыщщ Ищхъэрэ Мылыпъэ хымрэ хы Щэхымрэ зэпызыгъэщхьэхукІ псыдзэкІыпІэр.

♦Урысейм и иужьрей император Николай ЕтІуанэм и къуэ **Романов Алексей** къызэралъхурэ илъэси 117-рэ ирокъу.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Бырхьэм Михаил** къызэралъхурэ илъэс 91-рэ ирокъу.

♦Къэрал лэжьакІуэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу щыта, УФ-м щІыкъ зиІэ и ухуакІуэ **Тыркуин Анатолэ** къызэралъхурэ илъэс 77-рэ ирокъу.

♦Франджым и президенту щыта **Олланд Франсуа** и ныбжьыр илъэс 67-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 29 - 31-рэ, жэщым градус 19 - 21-рэ щыщІынущ.

Щыщхьэуіум и 13, *мэрем*

♦Зи Іэ сэмэгур нэхъ зыгъэшэрыуэхэм я дунейпсо махуэщ

♦1913 гъэм Шеффилд (Инджылыз) дунейм щыяпэу щагъэващ мыуплий гъущІ лІэужьыгъуэр.

♦1928 гъэм Лондон дунейм щыяпэу телевизоркІэ къыщагъэльагъуэу хуежьащ щхьэжьКІэлІыкІу траха нэтынхэр.

♦1942 гъэм Кавказ Ищхъэрэм щыпсэу Іъэпкъхэм фашистхэм я бийуэ пэкІу ирагъэкІуэкІащ.

♦1961 гъэм Берлин хуэхэ щыщІадзащ къалэр тІуу зыгуэш блынщ. ГДР-м икІыурэ ФРГ-м Іэпхъэ цІыхухэм я бжьгъэр зы илъэсым нэхъ къыкІэлъыкІуэм нэхъыбэ зэрыхъум къыхэкІыу къарагъэжьат а ухуэныгъэр. Блын-гъунапкъэр щытащ 1989 гъэм щэкІуэгъуэм и 9 пщІондэ.

♦2004 гъэм Афины къалэм (Альидж) къыщыщІэуахащ XXVIII гъэмахуэ Олимп джэгуэгр. Дзюдо спорт лІэужьыгъуэмкІэ зэпеуахэм я деж абы жэз медаль къыщихьат ди республикэм щыщ Тау Хьэсэнбий, КъШР-м икІа Хьрачэ Мурати апхуэдэ дыдэ ехъулІэныгъэ зыІэригъэхьат боксымкІэ.

♦Урыс физиолог цІэрыІуэ **Сеченов Иван** къызэралъхурэ илъэс 192-рэ ирокъу.

♦Совет актрисэ, СССР-м и цІыхубэ артисткэ **Макаровэ Тамарэ** къызэралъхурэ илъэси 114-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щІэныгъэхэм я доктор, АКъУ-м и профессор, УФ-м щІэныгъэхэмкІэ щыІэ зиІэ и лэжьакІуэ **Тхьэкіушынэ Нухь** къызэралъхурэ илъэси 113-рэ ирокъу.

♦Радиом и диктору илъэс куэдкІэ лэжьа, УФ-мрэ КъБР-мрэ щэнхабзэмкІэ щІыкъ зиІэ я лэжьакІуэ **Безрокъуэ Хужь** къызэралъхурэ илъэси 106-рэ ирокъу.

♦Кубэм щыщ политик цІэрыІуэ, 1959 - 2008 гъэхэм а къэралым и унафэщІу щыта **Кастрэ Фидель** къызэралъхурэ илъэс 95-рэ ирокъу.

♦Уэрэджьакіуэ цІэрыІуэ, КъБР-м щІыкъ зиІэ и артисткэ **Бэгъуэтыкъ Светланэ** къыщалъхуа махуэщ.

♦Химие щІэныгъэхэм я доктор, профессор, ЩДДАА-м и академик **Мэшыкъуэ Руралий** и ныбжьыр илъэс 74-рэ ирокъу.

♦КъБР-м физкультурэмрэ спортымкІэ щІыкъ зиІэ и лэжьакІуэ, УФ-м и къуажэ Іэтащхьэ нэхъыфІхэм ящыщу къалъыта **Къуныжь Хьэчим** и ныбжьыр илъэс 69-рэ ирокъу.

♦Урысей Федерацэм, КъБР-м, КъШР-м щІыкъ зиІэ я артист, оперэнэ уэрэджьакІуэхэм Пуччини и цІэкІэ Милан (Италие) щагъэкІуэкІа зэпеуэм и финалисту щыта **Ташло Алий** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Урысей актрисэ, УФ-м щІыкъ зиІэ и артисткэ **Тереховэ Анна** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу.

Дунейм и щытыкІэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкІэ, Налшык пшэр техьэ-текІыу щыщыІтынущ, пІалъэ-пІалъэкІэрэ уэшх къыщешхынущ. Хуабэр махуэм градус 27 - 28-рэ, жэщым градус 20 - 21-рэ щыщІынущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКІЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Іущыгъэ:

Илъэс Іуэху къэщтэжьигъуейщ.

Зи гъащІэр лъэпкъым тыхь хуэзыщІа Дыгъужь Къурмэн къызэралъхурэ илъэс 80 урокъу

ШЭРДЖЭС тхакІуэ, усакІуэ цІэрыІуэ Дыгъужь Къурмэн псэужамэ, шыщхьэУІум и 13-м и ныбжьыр илъэс 80 ирикъунут. Илъэс 43-рэт абы гъащІэу къыхуиухар - 1984 гъэм фокІадэм и 20-м дунейм ехыжащ. Ауэ хуэфІэкІащ лъэпкъ литературэм хэлъхьэныгъэшхэр хуищІын.

И гуащІэр инт, и гъащІэ гъуэгуанэр кІэщІт

1956 гъэм Дыгъужь Къурмэн къуажэ еджапІэм классыбгъэ къыщыухри, Іэщыхъуэу колхоз губгъуэм йохьэ. 1958 гъэм колхоз правленэм и жэрдэмкІэ щІалэщІэр Черкесск къалэм ухуэныгъэмкІэ и училищэм ягъакІуэ. Училищэ нэужьым къуажэм къегъэзэжри, ухуакІуэу мэлажьэ. ЩІэныгъэм зи гур ета ныжьыщІэм, зэрылажьэм хуэдэурэ, гъунэгъу къуажэм кІуэурэ, епщІанэ классыр къыщеухыж.

1960 - 1963 гъэхэм дзэм ираджэри, тырку гъунапкъэм дежи къулыкъур щрехьэкІ, абдеж къыщыдагъэкІыу щыта «На рубежах Родины» газетым и корреспондент мэхъу, и япэ усэхэри къытрадзэ.

Дзэ нэужьым Дыгъужьым щалъхуа Хъумэрэныжь къуажэм къигъэзэжу, Іэхъуэ башыр къыщтэжами, дзэзыхьэха тхэн Іэщ1агъэр Іэщ1ыб ищ1ыркъым. И зэфІэкІым гу къыльатэри, Къэрэшей-Шэрджэсым и Тхакіуэхэм я зэгухьэныгъэм 1965 гъэм еджакІуэ ягъакІуэ Москва, Горький Максим и цІэр зезыхьэ Литературэ институтым. Ар щоджэ урыс тхакІуэшхуэ Смирнов С. В. и семинарым. Институтым щекІуэкІ жылагъуэ Іэхъугъуэхэм жыджэру зэрыхэтыр къалъытэри, адыгэ щІалэр абы партым щыхагъахьэ, курсым и старостэуи хах.

Институт нэужьым Къурмэн Іэнатіэ зэхуэмыдэхэм пэрытащ: «Ленин нур» газетым, радиом, тхылъ щапІэм. Уеблэмэ хьэлъэзэхьэу Химзаводым щылэжьащ. Сыт хуэдэ Іэнатіэ пэрытами, абы и гур, и псэр нэхъ зэтэуэ щытар литературэрт.

Къурмэн и тхылъ зыбжанэ дунейм къытехьащ: адыгэбзэкІэ Черкесск къыщыдэкІащ «Псыжь и толъкъунхэр» (1968), «Къурухэр» (1970), «Ди гухэлъхэр» (1974), «Тхьэрыкъуэхэм я къафэ» (1989), «Гъатхэ бзухэр» (1993) усэ тхылъхэр. И прозэм щыщу къыдэкІащ: «Техьэпщ1э» повестыр (1976), «Бжьыхьэ псыдзэ» романыр (1983).

1973 гъэм Москва «Советская Россия» тхылъ тедзапІэм урысыбзэкІэ къыщыдэкІащ «Журавли» усэ тхылъыр. Къурмэн и тхыгъэхэр ди къэралым щыпсэу лъэпкъ зыбжанэм я бзэхэмкІэ зэрадзэкІащ, и усэхэм макъамэ щІалъхьащ.

Дыгъужь Къурмэн и тхыгъэ нэхъыфІхэм хабжэ Октябрь революцэ нэужьым адыгэ къуажэхэм я псэукІам тепсэлъыхьыжк, адыгэ тхыдэм нэхъ тегъэщІа «ЩІымахуэ лэгъупыкъу» романыр. Езыр дунейм темытыжми, и Іэдакъэщ1экІхэр нобэрей тхылъеджэм зэрыфІэгъэщІагъуэныр къалъытэри, романыр щІэрыщІуэ къыщыдагъэкІыжащ Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и къэрал тхылъ тедзапІэм. Ар и щІихьэтщ тхакІуэм и гупсысэр зэманым зэрыдэмыкІуэдыжам.

2020 гъэм Черкесск къыщыдагъэкІащ и Іэдакъэщ1экІхэмрэ тхакІуэм теухуа гукъэкІыжхэмрэ щыізэхуэхьэса тхылъ ихъ. Абыхэм еджэну дэтхэнэми псэкІэ зэхищІэнущ Дыгъужь Къурмэн ди лъэпкъым дежкІэ зищІысащ.

НАФІЭДЗ Мухьэмэд.

ЩІэныгъэлІ цІэрыІуэ Абдокъуэ Іэуес и ныбжьэгъу пэжт.

МыкІуэдыжын лъэужь

ТХАКІУЭ, усакІуэ цІэрыІуэ Дыгъужь Къурмэн яхэтащ хамэ къэралхэм щыпсэу ди лъэпкъэгъуэхэм япэу зэпызыщІахэм. Хэкэс гъащІэм теухуауэ абы итхащ усэ зыбжани: «Тыркум щыпсэу адыгэм и Дыгъужьым», «Тенджыз фІыцІэр», «Сыфлъыхьуащ», нэгъуэщІхэри. Ди лъэпкъэгъу хэкэсхэм яхуэтхэрт, я гур кІиІэтырт.

Адыгэ лъэпкъ гупсысэр, хэкум хуиІэ лъагъуныгъэр кІыхьэщ Дыгъужь Къурмэн и Іэдакъэщ1экІ дэтхэнэми. Сатырипл1 фІэкІа мыхъу и усэм абы къыщигъэлъэгъуащ образ хъарзынэ: адыгэм и жьыр нэхъ ину къыщІихумэ, езым и «мафІэр нэхъри гуащІэу зэщІэпльэнущ», адыгэм папщІэ ямыгъэпсэумэ, «адыгэм папщІэ зигъэлІэнущ». Адыгэ лъэпкъым теухуауэ итхахэм я мызакъуэу, Къурмэн еш имыщІэу телэжьащ дунейм тепхъа ди лъэпкъыр зэщІэкъуэжьным, зы гупсысэм хуэунэтІыным. Аращ Дыгъужьым и Іэдакъэщ1экІхэм Адыгейми, Къэбэрдеймы, Тыркуми, Абхъазми, Иорданиеми къыщыщІэупщІэу, езыми сэлам гуапэ къыхуагъэхьу дунейм щІытетар.

Нэхъыжьхэм ящІэжыр Совет зэманым тхакІуэхэм цІыху лэжьакІуэм нэхъ гулъытэ хуащІын хуейуэ партым къызэригъэуву щытар, уеблэмэ «план къытралъхьэу» къэплъытэ хъунут. «Производственная тема» зыфІащамкІэ (нобэ тхакІуэхэм ящыгъупщэжащ а темэр, цІыхур лэжьэн зэрыхуейр телевизорым кьитхэми хэтыжьыхьэкъым, я зэш трагъэун закъуэ щхьэкІэ дунейм къытехьауэ куэдым яфІощІ).

Дунейпсо литературэм ухэплъэмэ, усакІуэ, тхакІуэ куэд псэуащ зытетхьыхь Іэхъур фІэщхьунигъэ хэлъу къагъэлъэгъуэн щхьэкІэ Іэщ1агъэ гугъуэхэм зыхуагъасэу. Золя Эмиль, псалъэм папщІэ, фІамыщІ къыщІэзыхъэм теухуа роман итхыным ипэкІэ шахтхэм мызэ-мытІэу щІыхьащ, Ибсен Генрик лэжьапІэ зыбжанэ ихьуэжащ. Апхуэдэт Горький Максим.

ЗыкъомкІэ абыхэм ещхьт Дыгъужь Къурмэни. Курыт еджапІэр къимыух щІыкІэ мэлыхъуэу илъэситІ лэжьащ, балигъ хъуа иужькІэ, блинзэтелъхьэу, штукатурщикыу щытащ. Москва Литературэ институтыр къыщиухри, «джанэ кІабзэхэм» ярихэтыну къулыкъу зыбжани иІащ: «Ленин нур» газетым и корреспондент, радиом, ТхакІуэхэм я зэгухьэныгъэм и кІуплъыкъуІэу, тхылъ щащэ тыкуэн нэхъ ин дыдэу Черкесск дэтым и унафэщІу щытащ, ауэ Къурмэн а псор Іэщ1ыб ищІри, Химзаводым и хьэлъэзехьэу илъэс куэдкІэ лэжьащ, фІыуэ цІыху къызэрыгуэкІхэм къалъагъуу, пщІэнтІэпсым и уасэр ищІэу. А псор сэбэп къыщыхуэхъуащ и творчествэм, езы Къурмэн и хъэтІ, и тхэкІэ, и дамыгъэ зэрригъэпэщыжныкмкІэ. ТхакІуэм и поэмэхэр, повестыр, романыр зэриухуэрэм фІэщхьунигъэ хэлъщ, сыту жыпІэмэ езым гъащІэр зищІысыр игъэващи, ар зэрищІэр хъыбархІэкІыжьм, атІэ и нэкІэ ипэгъахэмкІэщ, и псэмкІэ зыхищІахэмкІэщ.

Къэтщтэнщ Къурмэн и «Іэсхьэд и кьафэ» поэмэр. Іуэхур щекІуэкІыр бззэрырщ, зауэм ипэ зэманщ. Бэзэрым темыльэ щыІэкъым. «Ей, мамырыгъэр анэ бгъафэщ. Абы дэтхэнэ щІыхуэри хуейщ», - жеІэ усакІуэм. Поэмэм къыщыІэта гупсысэкэр къэзыІуэтэж лІыхъужьым бззэрыр къызэкІухь, абы зэхэхьар адыгэ пшыналъэ дахэм и макъамэ:

Макъамэр пфІощ бззэрым щІиф,
Зэми жьэражьэу хьэуа бамплэм
Жьы щІыІэтыІэу ар къыщІихуу.
ЦІыху минхэм сэ сакІуэцІрокІ,
Іэсхьэд и кьафэр пшынэм къокІ.

Сюжетыр пыщІащ Іэсхьэдрэ абы и щхьэгъусэ Мардиерэ. Іэсхьэд мэкъуаУэ гупым я пашэщ, ар лэжьакІуэшхуэщ, зыгъэпсэхугъуэм дежи цІыхухэм кьахощ и кьэфэкІэ дахэмкІэ. Мардие пшынауэ Іззэщ. Дыгъужь Къурмэн а зэманым кьеГъэлъагъуэж фІэщхьунигъэ хэлъу, цІыхухэр лэжьакІуэ кІуэхэрт уэрэд жаІэу, апхуэдэуи къуажэм къыдыхьэжьырт. Мардие и пшынэм гугъу ехьахэм «псэщІэ кьахилъхьэжьыр», «фызхэми гущэ щІаупскІэрт пшыналъэм теХуэу». ГъащІэ дахэм и тепльэр зы махуэ гуэрым екъутэ шум кьиьха хьыбарым. Шым и лъакъуэм ищІ макъыр «автомат уэкІэм ещхьт», щыблэм хуэдэт кьиьха хьыбарри: «Зауэ». Іэсхьэд зауэм хокІуадэ. Илъэсхэр макІуэ, Мардие кьыхуэнэр «Іэсхьэд и кьафэрщ».

Зи щхьэр тхьуа, зи ныбжьыр хакІуэта фызабэм зы махуэ гуэрым пшынэр бззэрым ехь, абы щегъэбзэрабзэ. Пшынэм и уасэм Іэджи кьыщІоупщІэ, япхъуэтэну хьэзырщ, ауэ ищэркъым. КьыщІэупщІэхэр пшынэм зэреуэм кІэлъоплъ, «Пшынэм уасэ иІэкъым, ар гъащІэ пэлъытащ, мы пшыналъэр екІуу кьизыригъэкІым тыгъэ хуэсщІынущ», - яжреІэ. Зы хъыджэбз цІыкІу и адэшхуэр и гъусэу кьыІуохьэри, «Іэсхьэд и кьафэр» Іэзэ дыдзу кьрегъэкІ. Мардие хуогуфІэри пшынэр абы ирет, Іэсхьэд щхьэкІэ иуса кьафэм, езы Іэсхьэд хуиІа лъагъуныгъэм и фэеплъу, мы псалъэхэри щІегъу:

Си пщащэ цІыкІу,
иджы мы пшынэр,
Уи джэгу хьихьэгъуэщи, ууейщ,
Мы кьафэм текІуэныгъэ иныр
ИрибгъэльапІэу тет дунейм.

Поэмэм и кІэуэм философие гупсыси щІэлъщ: лъагъунигъэр щІэблэ кьэс зэІэпах, зи насып кьэкІуэгъуэхэм кьыхуагъанэ гурыщІэ дахэщ, цІыхубэ мылькущ. Мы поэмэми, «Нэгъуэй шыхъуэхэр» поэмэми, и усэхэми Дыгъужь Къурмэн кьыщигъэсэбэпащ эпитет щІэщыгъуэхэр, зэгъэпщэныгъэ шэрыуэхэр, метафорэ гукъинэжкэр. И прозэми и усэхэми псалъэ кьыщигъэсэбэпхэм я куэдагъэм гу лъымытэу кьанэркъым. Бззэм елэжьхэм кьыщагъуэтынущ адыгэбзэм и жьІэкІэ гъэщІэгъэн Іэджи. Псом хуэмыдэу пейзажыр кьэгъэлъэгъуэным хуэІэзэт Къурмэн. «Соплъэ къуршымкІэ» усэм щыщ сатыр зыбжанэ кьэтхьынщ:

Къуршыжь бэмпІахэм ягу
хэхъуэнущ,
Уэшх щІыІэтыІэкІэ затхьэщІынущ.
Нэхъыжь-нэхъыщІэкІэщІи хабзэр,
НапэІэлъэщІ пшэ хужьыр бгым
НызэІэпэхыурэ кьабзабзэу
Уэшхым иужькІэ залъэщІынущ.

Адэкіэ «жыгхэр уэшх ткІуэпскІэ» (гуфІэгъуэ нэпскІэ кьригъэкІыу) зыр адрейм хуэгуфІэнущ,

«Псыкъелъэ иныр зи жьакІэхуу,
Бгы дадэр псыхъуэм къыдэплъэнущ».

Мы дуней тхъэжьгъуэм «пащІэІуантІэу» хуегъэувыжьр и кьуажэ Хъумэрэныр, «Тхьэм и гуфІакІэм дэсым ещхьу» а псыхъуэр зыгъэдахэр. Дунейм и щытыкІэр Іззэу псалъэ суРэткІэ кьегъэщІыр усакІуэм: «Мазэр изу кьыщІэкІащи, зыхуегьафІэ пшэм. ГъащІэр гъащІэкІэ гъэнщІащи, и гуфІэгъуэщ пшэм.

Къурмэн, ищхьэкІэ зэрыжьыСІащи, Псыжь и образыр гуэхыпІэ имыІэу хиухуэнащ итха псомри, а псым «нэхъыжьыгъэр» хуагъэфащэ Инжьджитіми, Уарпи, Лаби, абы йоджэ «ди Псыжь-гъуэмылэжь»-кІэ. УсакІуэм Псыжь «Іэ кьыхуещІ» и толъкьунхэмкІэ. Псыжь и образыр хэтщ Дыгъужь Къурмэн уэсят пэлъытэу итха «ПЪэУ»-ми. УсакІуэм жеІэ «зы махуи пщІэнщэу зэримыгъакІуэр», «лэжьыгъэр псом япэ зэрыригъэщар», «лъэпкъым и адыгагъэр дэни щигъэлъапІэу кьызэрыгъэкІар, и кьару зэрыщымысхьар» (нэгъуэщІ Іуэху илэжьакъэр кьребжэкІ). ЦІыху псоми яІэщ пІальэ, бгыжьхэм ис жьындур кьеджэмэ, зы лъэІукІэ кьанэхэм зыкъытхуегъазэ:

Уэ сынолъэІур, кьуажэм
и нэхулъэм
Щыщ тІэкІукІэ си хьэдащхьэри
гъэпскІыж,
Хьумэрэныжь и уафэм
ит пшэ хужьхэм
Щыщ тІэкІуджэбынуэ кьызэтыж.
Си Іеи, си фІи зыми жремыІэ,
Ефэнды гуэри тхьэ схуремылъэІу,
Си кхъаблэр зыхьхэр тІэкІу
фызэтеувыІи,
Сэ си хьэтыркІэ Псыжь уэр
фыщІэдэІу.

Къурмэн псом хуэмыдэу кьеХуэлІэрт пейзажым теухуа лириКэр. Зы строфа кьыхэтхынщ «Гъатхэ махуэм» усэм:

Дыгъэр быдэу щІым и Іупэм
Уафэм кьыІуилъхьащ,
ЩІылъэр нур-быдзышэ хуабэм
ЗигъэнщІыхуэ ефащ.

Гъатхэм теухуа нэгъуэщІ усэ кьыдощтэри, гуфІэгъуэр «кьраш бзухэм, мэзми, абыхэм джэгу ящІыр, кхъужьей хужьыбзэр «нысащІэу итщ утыкум». Гуэдз хьэсэм епльэрэ, усакІуэм упщІэ зыхьуегъэув: «Рояль мы ди щІыр? Хьэмэ пщІыхьэпІэ?.. КьыпфІощІ щхьэмыжжэр щІыхум и Іэпэу, ныбгъуэ макъамэр кьраш!».

Философие гупсысэ зыщІэлъ усэ кІэщІэри иІащ Дыгъужь Къурмэн. Апхуэдэщ сатырипл1 хуэ «Хабзэр хабзэщ» зыфІищар:

Хэти ещІэ, хабзэр хабзэщ,
Хьэхъуэм хъуэн щІагъужькъым.
ФІыуэ ялъэгъуа хъыджэбзым
Пылъхьэ хуалъыхъуэжкъым.

Удэзыхьэх, гум кьинэж лъагъунигъэ усэхэм ящыщ куэд итхащ Къурмэн. Апхуэдэщ: «ІманІэ Іэтыгъуэ телъыджэ» (Пушкин А. и усэ цІэрыІуэр и тегъэщІапІэщ). «Дзыхь кьысхуэпщынщ», «Си щхьэгъусэ», «Ди гъащІэм папщІэ» зыфІищахэр.

УсакІуэм лъэпкъыр, хэкур фІы дыдэу ильаГъурт, а лъагъэныгъэр хуэфащэ усэбзэкІэ кьигъэлъэгъуащ. Абы и щыхьэтщ и усэ сатырипл1ри:

Адыгэм уи жьыр сэ
къысщІихухкІэ
Сэ мафІэ гуащІэу сыблэнщ.
Адыгэм папщІэ самыгъэпсэумэ,
Адыгэм папщІэ сылІэнщ.

Дыгъужь Къурмэн Хэкум, адыгэм, хабзэм теухуа и усэхэр гукъинэжщ, гупсысэ куу зыщІэлъщ. Аэр ухуащ ритм Іупщ1экІэ, рифмэ зэщІэжьыуэкІэ, макъ зэпэджэжкІэ. Аращ абы и усэхэр щІэщыгъуэ, зэгъэщІэгъуафІэ зыщІри. А псомри жыдагъэІэ: мыкІуэдыжьынщ Дыгъужь Къурмэн къытхуигъэна лъэужь дахэр.

БАКІУУ Хъанджэрий,
филологие щІэныгъэхэм я доктор, профессор.

Усыгъэхэр

Тенджыз фІыцІэр

Сыныіухьэмэ тенджызым
Нэм икІауэ зеукІыж,
Зэми гур зыщІигъэузу,
Бгы нэпкъ лъагэм зыфІедзэж.
Тенджызыщ1эм бэлыхьлажьэр
Щ1ыхьеящи мэгуІэж.
Сыту пІэрэ щ1ыхьэр лъащІэм?
Мы тенджызыр мыувыІэж.
И пэжыпІэр хэт зымыщІэр?
Куэд адыгэм ишэчащ.
Адыгэгуу тенджызыщІэм
Хейуэ куэд щІэтІысыкІащ.
Адыгэгур кьоуэ,
Сыплъэм -
Толъкъуныжьхэр къоублэрэкІ,
Адыгэгу бамплэу дэлъым
Тенджыз фІыцІэр кьрехуэкІ.

Вакъэхэм папщІэ балладэ

Жьырытэджэхэт а вакъитІыр,
Щ1ыпсэхужьыр жэщ гуварт.
Мывэ дзакІэхэм ауІэт,
КІэлъыщІэпхъуэм жэм цІывам
«ЕкІуэкІ» къащІу утыку иным
Къыщыфаи къахуихуащ,
Пщащэ туфлъэ дахэ щ1ыкІухэм
Нэхущ уджи къыдащІащ.
Уэшхым ахэр зэ хиубыдэт,
Дыгъэм зэ зэфІиГъэгъукІт,
Ауэ я къалэныр быдэу
А вакъитІым ирахьэкІт.
Иджы ахэм яІэу щІыхьыр
Бжьыхьым лъагэу палъэжащ,
ЩІэмытыжми я лъэгущІыхьыр
Вакъэ напэр къахъумащ.

Жэщ уэлбанэм

Сигъэжейкъым бжьыхьэ уэшхым.
Си щхьэгъубжэм къытоуІуэ,
Хэту пІэрэ сэ къызэдзэр,
Си дэІэпыкъуэгъу хэзыкъуэу?
Унэм сэ сыкъыщІэкІауэ
Мис сыхэтщ мы жэщ уэлбанэм.
Зи гум шэрхьыр щІэщІыкІауэ
Къытенари хэт гъэгуанэм?
Сыт си кІуапІэ?
Нэм щІэІэбэр
Плъагъукъым, уэшхыр зэ мувыІэ...
Жейм сеЗгъкъым сэ ныжэбэ,
Уэшхыр абджьым къытоуІуэ.

Гъатхэ псыхьэлыгъуэхэр

Гъатхэм и дыгъэІэмкІэ Іуданэу
Псыхьэлыгъуэр уэсым къыхишащ.
Егъэлъалъэ щІыгум и уэс джанэр,
Егугъуу щІымахуэм зэІуищар.
Псыхьэлыгъуэр мис тхьэмахуэ
хъууэ
Бгым къызэрохьыр, йопІэщІэкІ.
Я гъэзгуанэм ахэр щ1ытхъуами,
Гъатхэ уэрэд кьабзэр къыригъэкІ.

Мамэ

Махуэу услъэгъуауэ сщІэжкъым,
мамэ,
Махуэлынщэу губгъуэм уэ уитащ.
Сабиилпі ди гъащІэ телът уи дамэм,
ЩІалэгъуи, дахэгъуи къытщІэптащ.
ЦІыхум яІуэтэж имыІэу гъунэ
Уи щІалэгъуэм щІыгуу уэ блэжьам,
Мы дуней хъурейм хуэдэ хъуну
Къэплъытэжьэ ар зэхэплъхьэжам.
Жэщым унэм уэ укъекІуэлІэжьым -
Дыжэ, жьыщІэ, ухуэн вакъэнжьей...
БгъэкІэрахъуэ гъущІ щхьэл
Іэрыхьажэм
Зауэм тІиха адэр къыбдигъейт.
Гъаблэм, зауэм, узым уэ фызабэр
Іэпщэкіэ уи закъуэу уебэнащ.
Сабиилпім папщІэкІэ хьэзабу
ГъащІэм хэлъа псори уэ пшэчащ.
Гъатхэ пшыхь дахащэщи,
бжэщхьэІум
Накіуэ, мамэ, щхэуу дытегъэс.
Мамэ, етІысэхи, сынолъэІур,
Мы си дамэм уи щхьэ тхъуар
къегъэщІ.

Быдэу Іэплі эзэдгъэшэкІ

Ар сэращ, Къурмэнщ къопсалъэр,
ГуфІэ нэпсхэр къысфІыщІокІ.
Сыкъэпщ1эжкъэ, си щІыналъэ?
Быдэу Іэплі эзэдгъэшэкІ!

Пщ1эжрэ, сабиигъуэм къуршым
Бжэн игъэхъуу кІэрытар?
Тесу къидыгъуа уанэшым
Нэр темыплъэу блэлъэтар?

Институтым Мэзкуу къалэ
Уэ зэгуэрым ебгъэжьар?
Ар сэращ, сэращ, уи щІалэрщ,
Еджэн сухри сыкъэкІуэжащ.

Си щІэныгъэр уэ уи бынхэм
Сэ ястынщ щымыІэу хэн,
Уи тхылъ напэу мес мо бгыхэм
УэрэдыщІи сэ пхуистхэнщ.

Пхухэссэнущ жыги гъатхэм,
Нартыхъ хьэсэхэр пхуэспщІэнщ,
Пхуэзгъэхъунущ уи шы гуартэр
Сыт къысслъысми згъэзэщІэнщ.

Си щІынальэ, зысхъуэжакъым,
Сэ иджыри сы-Къурмэнщ.
Сыпхуэпэжщи, «маржэ» жаІэм,
ЗыпхуэсщІынущ сэ къурмэн!

Уэшх нэужьым

ДыкъикІыжьырт
Губгъуэм дызэгъусэу,
Дэ уэшхышхуэм
Дыщ1ыхиубыдам.

Хэмылъэжьу щыгъынхэм
Джылъ гъущэ,
ДыкІуэт ди Іэр зэрыдгъэубыдауэ.
А уэшх иныр,
СощІэжьр, тфІэмащІэт,
Дэ дыгуфІэт,
Ину дыдыхьэшхт,
Іэгукіэ къэдубыдурэ
ТкІуэпс пІащэр,
Уэрэ сэрэ
Тыгъэу зэІэпытхт.

Уэшх нэужьым
Сэ уэ сынышоплъым,
Щхьэц баринэм
ТкІуэпсхэр пылыдыкІт.
Пщэдджьжь роззу
Уэсэпсыр зыпылъым
А дакъикъэм
Минкіэ уедэхэкІт.

Гъатхэ жэщым

Гъатхэ жэщым
Услъэгъуну
СынэкІуат фи дей.
Уэздыгъэншэт,
Щэхут фи унэр,
Іэфіу хъунт ужей.
ЩІэзгъэкъуауэ щхьэм Іэдакъэр,
Уэрамыбгъу сэрейм
Сыщ1эсащ, нэхущ
Адакъэр
Іуэху ещанэрейу.
Зэ гъунэгъуу
Фэ фи бжьыхьым
СынекІуалІэм сфІэщІт,
Сыныхьхьэу уэ уи
Пщ1ыхьым,
Уи нэгум сыщІэт.
Вагъуэ ижьыр щІым
Къэмысу
Сэ къэзгъэувыІащ,
Даущ иримыгъэщІыну
Абы селъэІуащ.
Гъатхэ жэщым
Услъэгъуну
СынэкІуат фи дей.
Уэздыгъэншэт,
Щэхут фи унэр,
Іэфіу хъунт ужей.

Ужьыхьжам

Хьэуэ, ущІэмыупщІэ
Ужьыхьжа жьэгум:
Сахуэ яжьэ щІыІэр
Кьрипхъэнщ уи нэгум.

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Кавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Унафэ

Тхыдэм пщІэ хуащІу

Путин Владимир Іэ щІидзащ цІыхухэм тхыдэмкІэ щІэныгъэ яІэным телэжьэну комиссэ къызэрагъэпэщыным теуха унафэм. УФ-м и президентым и дэІэпыкъуэгъу Мединский Владимир зи пашэну комиссэм хэтынущ Іуэхущ Іапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр.

ІУЭХУР зытеухуар Урысей Федерацэм и пщІэмрэ и сабэп зыхэлъымрэ нэгъуэщІхэм хэутэн емыгъэщІыным, ди цІыхухэр къэралым и тхыдэм щыгъуазэу, я псалъэ жаІэфу щытынымкІэ хуегъэджэнырщ, хуэгъэІущынырщ.

Комиссэм хэтхэм я нэІэ трагъэтынущ тхыдэр щхьэж и сабэп зыхилъагъуэкІэ зэрамыдзэкІыным, апхуэдэ зыщІэхэм я лэжьыгъэр зэпкърахыным. КъинэмыщІауэ, комиссэм игъэбелджылынущ Урысейм щагъэлъапІэ махуэхэр мыхьэнэншу къыщІэзыгъэдзыну хэтхэм уаззэрыпэщІэтыфыну лэжьыгъэр. Ауэ комиссэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытынур щІэныгъэм, щэнхабзэм, къэрал унафэр зыІэщІэлъ Іуэхущ Іапіэхэм тхыдэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэр, абы теухуаеу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зы пщалъэм иту къыззгъэпэщынырц.

Ди цІыху пажэхэм, тхыдэтхэхэм куд щІауэ жаІэ школхэм тхыдэмкІэ зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зы гупым зэдатхауэ зэщхьу щытын хуейуэ. Иджы абы зы унафэ игъуэтыну къыщІэкІынщ, ауэ адрей дерсхэмкІи зэрырагъаджэхэр зы къупхъэм кьигъэкІын хуейт, курыт еджапІэр щІэныгъэм и лъабжьэу зэрыщытым тепщІыхьмэ.

● Еджапіэ

ФызыщІэупщІэн мащІэ?

Адэ-анэм я урысейпсо зэІущІэр иджы еянэу екІуэкІынущ. Ар трагъэхуащ мы маззм и 28-нэ махуэм. УФ-м егъэджэныгъэмкІэ и министр Кравцов Сергей эфир занщІэм жуап щриты нущ школакІуэхэм я адэ-анэхэм я упщІэхэм. Ар зэрекІуэкІым хэт хуейми еплъыфынущ ИнтернетымкІэ.

АДЭ-АНЭМ я урысейпсо зэІущІэр сабийхэм еджэн щІамыдзэ щІыкІэ ирагъэкІуэкІ. КъызэралъытэмкІэ, ар Іэмалыфщ адэ-анэр зыгъэпІейтей Іуэхуэхэр министрым ирахьэлІэфынымкІэ, езы министрми цІыхухэм гу зылъытапхъэу къалъытэр ищІэнымкІэ.

Нэгъабэ екІуэкІа зэІущІэм министрым къыщратащ упщІэ 1500-рэ, сабийхэр зэрагъашхэм деж къыщыщІэдзауэ зэрырагъаджэм деж щыщІэкІыжу.

УпщІэ фиІэмэ, ар шыщхьэуІум и 20 пщІондэ егъэзэх хъунущ «Общероссийское родительское собрание» сайтым.

● Ди зыгъэпсэхупІэхэр

Нэху здэщыІэм гъащІи щыІэщ

Мы тхыгъэм и псалъащхьэр ялъу щыІэзэхэар Дыгъужьокъуэ Іэмин жиІэущ. Хэхэсхэм ящыщу арат ялъ дыдэу Хэкум къэзыгъэзэжар. 1966 гъэм ди іэжьапІи псэукІэ зэбгъэпэщари Иорданием къыщыбгъанэу, уи унагъуэр къепщэжьэн жыхуэпІэр зепхьа пэлъытэт. Нэр зытемыплъам псэр хуеІэ щхьэкІэ, езыри Іэнкунт къыпэплъэр ищІэртэкъыми. «Налшык жыжьэу къэслъагъумэ, къэсщІэнщ ар псэупІэ пщы хъунрэ мыхъунрэ, жесІэрт си цІыгъуэсэм. Абы дыкъоблагъэри - пщІыпщІырт. - Уэлэхьи, жысІащ, - дехьулІэжам. Нэху здэщыІэм гъащи щыІэщ».

- ІЭМИН жиІар гъуэгум епхауэщ сигу къыщІэкІыжар. Гъуэгу здэщыІэм, гъащІи щыІэщ. А гъуэгур цІыхум и тыншыпІэм тещІыхьамэ, ди щІыналъэм зиужьынымкІэ хэкІыпІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ екъулІэнигъэфІу къэпльытэ хъунущ федеральнэ, муниципальнэ гъуэгу куэдыр зыхуей зэрыхуагъэзар. Мы Іуэхум и етІуанэ Іыхьэу жыпІэ хъунущ цІыхухэр зэрызекІуэ транспорт зэмылІэужьыгъуэхэр «зы билеткІэ» зэрызэрапхыр. Урысейм и дэнэ щІыпІи къыжьу Кавказ Ищхъэрэм къакІуэкІэ «къыщеувэхыр» Минеральнэ Псыхэмэ Мэхъэчкъалэрэ я аэропортхэмрэ Невинномыссск, Минеральнэ Псы гъущІ гъуэгу станцхэмрэщ. «Зы билет» зыІыгъыр ирежэщ, иремахуэ, гугъу емыхьу нагъэсынущ здиунэтІам, кхъухьлъатэм и къэтІысыгъуэм, мафІэгур къыщысым (щытепсэтыкІ, щежьэ зэманри апхуэдэбзэу) автобус текІыгъуэр ирагъэхьэлІащи. Псалъэм папщІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ, Домбай, Архызэ, Черкесск, Карачаевск, Дагъыстэным и Избербаш, Дербент къапэхэм къэкІуэну хуей зыплъыхьакІуэм и унэм щІэсу къищхьэхуфынущ и гъуэгуанэм къыщІэсэбэпыну транспорт зэмылІэужьыгъуэ псоми тыншу, ежьэн хуэмейуэ и Іузхур зэпызыщІэну «зы билетыр».

Ди щІыналъэр фІыуэ зымыцІыхуэрэ я дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІзщ, шынагъуэншагъэм тепщІыхьми уасэр къэлъытэщи. Къапщтэмэ, иджыри къэзэрыщІатаращи, Москва къикІыу Іуащхьэмахуэ лъапэ къакІуэр такси итІысхьэн хуей хъурт, таксистым къыщІигъэлъэнумкІэ езыр хуитыжу. Ар зыфІэлъапІэр автобус щытекІынымрэ ежьэн хуейт. Иджы, зэрыжьпІащи, аэропортхэмрэ гъущІ гъуэгу станцхэмрэ автобусэр тету кхъухьлъатэри мафІэгури къэс, щІыхур зы транспортым къикІыу адрейм итІысхьэн хуэдэу. Ар дуней псом къыщагъэсэбэп лэжьэкІэщ, зыплъыхьакІуэхэр къыдахьэхьынм, сервисымкІэ нэгъуэщІхэр зытрамыгъэкІуэным теухуауэ.

● Дзюдо

Исмэхьил и Іэрылъхьэщ Европэм и кубокым и дыщэ медалыр

«Оренбуржье» спорт-щэнхабзэ комплексым щекІуэкІащ дзюдомкІэ Европэм и кубокыр къэхьыным теухуа зэхьэзэхуэ зэІуха. Абы хэтащ къэрал 14-м къикІа спортсмен 200-м нэблагъэ.

КИЛОГРАММ 66-м нэс зи хьэлъагъэм я зэпеуэм щригъэкІуэкІа зэІущІиплІми щытекІуэри, Мисиров Исмэхьил Европэм и кубокым и дыщэ медалыр зыІэригъэхьащ. КІэух зэІущІэм ди лъахэгъум къабзэу (ипонкІэ) щытридзащ Къэзахъстаным къикІа Умуталиев Токтар.

Мисировым и гуфІэгъуэр даІэт абы и яп тренер Емкъуж Мухьэмэдрэ и нобэрей гъэсакІуэ Нэгъуэй Рэмэзанрэ.

КЪАУДЫГЪУ Заур.

● Унафэ

Тхыдэм пщІэ хуащІу

Путин Владимир Іэ щІидзащ цІыхухэм тхыдэмкІэ щІэныгъэ яІэным телэжьэну комиссэ къызэрагъэпэщыным теуха унафэм. УФ-м и президентым и дэІэпыкъуэгъу Мединский Владимир зи пашэну комиссэм хэтынущ Іуэхущ Іапіэ зэмылІэужьыгъуэхэм я лЫкІуэхэр.

ІУЭХУР зытеухуар Урысей Федерацэм и пщІэмрэ и сабэп зыхэлъымрэ нэгъуэщІхэм хэутэн емыгъэщІыным, ди цІыхухэр къэралым и тхыдэм щыгъуазэу, я псалъэ жаІэфу щытынымкІэ хуегъэджэнырщ, хуэгъэІущынырщ.

Комиссэм хэтхэм я нэІэ трагъэтынущ тхыдэр щхьэж и сабэп зыхилъагъуэкІэ зэрамыдзэкІыным, апхуэдэ зыщІэхэм я лэжьыгъэр зэпкърахыным. КъинэмыщІауэ, комиссэм игъэбелджылынущ Урысейм щагъэлъапІэ махуэхэр мыхьэнэншу къыщІэзыгъэдзыну хэтхэм уаззэрыпэщІэтыфыну лэжьыгъэр. Ауэ комиссэм и къалэн нэхъыщхьэ дыдэу щытынур щІэныгъэм, щэнхабзэм, къэрал унафэр зыІэщІэлъ Іуэхущ Іапіэхэм тхыдэм хуаІэ бгъэдыхьэкІэр, абы теухуаеу ирагъэкІуэкІ лэжьыгъэр зы пщалъэм иту къыззгъэпэщынырц.

Ди цІыху пажэхэм, тхыдэтхэхэм куд щІауэ жаІэ школхэм тхыдэмкІэ зэрыщрагъаджэ тхылъхэр зы гупым зэдатхауэ зэщхьу щытын хуейуэ. Иджы абы зы унафэ игъуэтыну къыщІэкІынщ, ауэ адрей дерсхэмкІи зэрырагъаджэхэр зы къупхъэм кьигъэкІын хуейт, курыт еджапІэр щІэныгъэм и лъабжьэу зэрыщытым тепщІыхьмэ.

● Ди зыгъэпсэхупІэхэр

Нэху здэщыІэм гъащІи щыІэщ

Мы тхыгъэм и псалъащхьэр ялъу щыІэзэхэар Дыгъужьокъуэ Іэмин жиІэущ. Хэхэсхэм ящыщу арат ялъ дыдэу Хэкум къэзыгъэзэжар. 1966 гъэм ди іэжьапІи псэукІэ зэбгъэпэщари Иорданием къыщыбгъанэу, уи унагъуэр къепщэжьэн жыхуэпІэр зепхьа пэлъытэт. Нэр зытемыплъам псэр хуеІэ щхьэкІэ, езыри Іэнкунт къыпэплъэр ищІэртэкъыми. «Налшык жыжьэу къэслъагъумэ, къэсщІэнщ ар псэупІэ пщы хъунрэ мыхъунрэ, жесІэрт си цІыгъуэсэм. Абы дыкъоблагъэри - пщІыпщІырт. - Уэлэхьи, жысІащ, - дехьулІэжам. Нэху здэщыІэм гъащи щыІэщ».

- ІЭМИН жиІар гъуэгум епхауэщ сигу къыщІэкІыжар. Гъуэгу здэщыІэм, гъащІи щыІэщ. А гъуэгур цІыхум и тыншыпІэм тещІыхьамэ, ди щІыналъэм зиужьынымкІэ хэкІыпІэщ. Абы и лъэныкъуэкІэ екъулІэнигъэфІу къэпльытэ хъунущ федеральнэ, муниципальнэ гъуэгу куэдыр зыхуей зэрыхуагъэзар. Мы Іуэхум и етІуанэ Іыхьэу жыпІэ хъунущ цІыхухэр зэрызекІуэ транспорт зэмылІэужьыгъуэхэр «зы билеткІэ» зэрызэрапхыр. Урысейм и дэнэ щІыпІи къыжьу Кавказ Ищхъэрэм къакІуэкІэ «къыщеувэхыр» Минеральнэ Псыхэмэ Мэхъэчкъалэрэ я аэропортхэмрэ Невинномыссск, Минеральнэ Псы гъущІ гъуэгу станцхэмрэщ. «Зы билет» зыІыгъыр ирежэщ, иремахуэ, гугъу емыхьу нагъэсынущ здиунэтІам, кхъухьлъатэм и къэтІысыгъуэм, мафІэгур къыщІысым (щытепсэтыкІ, щежьэ зэманри апхуэдэбзэу) автобус текІыгъуэр ирагъэхьэлІащи. Псалъэм папщІэ, Іуащхьэмахуэ лъапэ, Домбай, Архызэ, Черкесск, Карачаевск, Дагъыстэным и Избербаш, Дербент къапэхэм къэкІуэну хуей зыплъыхьакІуэм и унэм щІэсу къищхьэхуфынущ и гъуэгуанэм къыщІэсэбэпыну транспорт зэмылІэужьыгъуэ псоми тыншу, ежьэн хуэмейуэ и Іузхур зэпызыщІэну «зы билетыр».

Ди щІыналъэр фІыуэ зымыцІыхуэрэ я дежкІэ абы мыхьэнэшхуэ иІзщ, шынагъуэншагъэм тепщІыхьми уасэр къэлъытэщи. Къапщтэмэ, иджыри къэзэрыщІатаращи, Москва къикІыу Іуащхьэмахуэ лъапэ къакІуэр такси итІысхьэн хуей хъурт, таксистым къыщІигъэлъэнумкІэ езыр хуитыжу. Ар зыфІэлъапІэр автобус щытекІынымрэ ежьэн хуейт. Иджы, зэрыжьпІащи, аэропортхэмрэ гъущІ гъуэгу станцхэмрэ автобусэр тету кхъухьлъатэри мафІэгури къэс, щІыхур зы транспортым къикІыу адрейм итІысхьэн хуэдэу. Ар дуней псом къыщагъэсэбэп лэжьэкІэщ, зыплъыхьакІуэхэр къыдахьэхьынм, сервисымкІэ нэгъуэщІхэр зытрамыгъэкІуэным теухуауэ.



● Ставрополь щІыналъэ

Андэгурэм фейдэ пылъщ

Гъавэ щІапІэмкІэ бей Ставрополь щІыналъэм андэгурэр (горчица) фейдэуэ къыщалъытауэ хасэ. Абы дагъэу хэлъщ процент 37 - 45-рэ, белокыу - 23 - 25-рэ. Къинэмыщ Іауэ, андэгурэр - фо пасэу къызыпах къэкІыгъэщ икІи тонныр сом мин 45 - 50-кІэ ящэ. Абы къыкІэлъокІуэ былымкъабыстэр (рапс) - зы тонныр сом мин 40 и уасэщ. Зыщэр зэрымащІэм, щІэупщІэ зэриІэм тращІыхьу, гъэ хъакІуэ нэхъыбэу ящІэну я мурадщ.

АНДЭГУРЭМ щолэжь крайм и район зыбжанэм. Абы и жылэр Польшэм, Германием, Бангладеш ирагъашэ. Мы къэкІыгъэм къыщІаху дагъэр къагъэсэбэп щІакхъуэ зыгъажьэхэм, фІэІугъэ, майонезрэ маргаринрэ зыщІэкм. Ауэ абыкІи иухкьым: медицинэм, парфюмерием (сабын гъэвэнри хэту), щэкІым, фэм елэжь Іуэхущ Іапіэхэм ар куэду къагъэсэбэп.

МэкъумэшыщІэхэм зэрыжаІэмкІэ, андэгурэм щІыр егъэкъабзэ, егъэпшэрри, ар зытетам нэгъуэщІ къэкІыгъэ тепсэну фІыщ.

«Махуэкум» и къыдэкІыгъуэр зыгъэхьэзырар
ШИРДИЙ Маринэщ.

● Футбол

Пашэхэр Тэрч щызэрытегъэкІуакъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и епщыкІутІанэ джэгугъуэм Тэрч къалэм щызэхуэзат зэхьэзэхуэм пашэныгъэр щызыІыгъхэр.

Джылахъстэнейдэсхэм яхуеблэгъат зэпеуэ зыбжанэм (УФ-м и ешанэ дивизионым, КъБР-м и кубокымрэ зэхьэзэхуэмрэ, Студент лигэм) екъулІэнигъэ иІэу хэт, нэгъабэ ди республикэм и чемпион хъуа Прохладнэ и «Энергетик»-р. Абы текІуэмэ хэгъэрейхэм я пашэныгъэр ягъэбыдэнут, кьыхагъащІэмэ - зыльэщІагъэхьэнут. ТІури къэхуакъым: зэІущІэр зэрытемыгъэкІауэ иухащ икІи щхьэж и пІэм кьинэжащ. Очко яфІэкІуэдахэр къэплъытэмэ, «Тэрчыр» зы очкокІэ «Энергетик»-м япэ зэриту.

Апхуэдэ дыдэщ Псынэдахэ и «Родник»-м и Іузхури, иджыри къэс зыри кьыпэмылъэщауэ, Кэнжэ къуажэм бжыгъэщхьэкІэ япэу кьыщыхагъэщами.

Хуабжьу зыпэплъа зэІущІэ Исльэмей щекІуэкІащ. Абы щыхьэщІащ я гъуэнэгъу Хьэтіохъущыкъуейм и футболистхэр. Арщхьэкіэ япэрей зэпэщІэтыныгъэ гуащІэр иджы щыІакъым. Жэуапынщэу топиплІ я хьэрхуэрэгъуэхэм худагъэкІри, хэгъэрейхэр текІуащ. Нэхъапэм зэкІэлъхьэужьу 3 кьыхагъэщІа исльэмейдэсхэр иджы апхуэдизу дыдэрэ текІуэжащ икІи я Іузхуэхэр ирагъэфІэкІуэжащ.

Зэрихабзэу, Нарткъалэ и «Нартыр» бжыгъэшхуэ защІэкІэ кьыхагъэщІащ. Ику иту зэІущІэ кьэс абы и гъуэм топик кьыдагъэкІ икІи джэгугъуэ 13-м псори зэхэту нагъэсащ 82-м. Апхуэдэурэ екІуэкІмэ, зэи къэмыхъуа тельыджэ КъБР-м и чемпионатым щыІэнущ.

Адэкіэ щыгъуазэ фыхуэтщынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпионатым и зэ чэзу зэІущІэхэм къарикІуа бжыгъэхэм: *епщыкІутІанэ джэгугъуэ* - «**Эльбрус**» (Тырныауз) - «**Исльэмей**» (Исльэмей) - 2:5, «**Спартак-Д**» (Налшык) - «**Шэрджэс**» (Шэджэм) - 4:5, «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - «**Псыгуэнсу**» (Псыгуэнсу) - 4:2, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Родник**» (Псынэдахэ) - 4:0, «**Урыху**» (Урыху) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - 7:3, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Энергетик**» (Прохладнэ) - 1:1, «**Малка**» (Малкэ) - «**Шэрэдж**» (Старэ Шэрэдж) - 5:3, «**ХьэтІохъущыкъуей**» (ХьэтІохъущыкъуей) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - 3:2; *епщыкІущанэ джэгугъуэ* - «**Родник**» - «**Урыху**» - 3:1, «**Спартак-Д**» - «**Малка**» - 2:5, «**Энергетик**» - «**Шэрджэс**» - 7:0, «**Нарт**» - «**Тэрч**» - 0:6, «**Исльэмей**» - «**ХьэтІохъущыкъуей**» - 4:0, «**Псыгуэнсу**» - «**Эльбрус**» - 2:0, «**Шэрэдж**» - «**Шэджэм-2**» - 4:1.

Дызэхуэхуэ щэбэтымрэ тхьэмэхуэмрэ зи чэзу джэгугъуэм щызэІущІэнущ: шыщхьэуІум и 14-м - «Малка» - «Энергетик», «Шэджэм-2» - «Спартак-Д», «ХьэтІохъущыкъуей» - «Псыгуэнсу», «Кэнжэ» - «Исльэмей»; шыщхьэуІум и 15-м - «Урыху» - «Тэрч», «Шэрджэс» - «Нарт», «Эльбрус» - «Шэрэдж», «Родник» - «ЛогоВАЗ» командэхэр.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм 2021 гъэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1.	«Тэрч»	13	10	3	0	42-11	33
2.	«Энергетик»	12	9	2	1	51-16	29
3.	«Родник»	12	9	2	1	47-12	29
4.	«Исльэмей»	13	9	0	4	51-28	27
5.	«Кэнжэ»	12	8	3	1	34-17	26
6.	«Урыху»	13	8	2	3	47-30	26
7.	«Шэрджэс»	13	6	3	4	35-41	21
8.	«Шэджэм-2»	13	5	3	5	25-33	18
9.	«Малка»	13	5	1	7	29-33	16
10.	«ЛогоВАЗ»	12	4	3	5	28-28	15
11.	«ХьэтІохъущыкъуей»	13	4	3	6	23-40	13
12.	«Псыгуэнсу»	13	3	4	6	26-31	13
13.	«Спартак-Д»	13	2	3	8	25-29	9
14.	«Шэрэдж»	13	2	1	10	23-51	7
15.	«Эльбрус»	13	1	3	9	19-43	6
16.	«Нарт»	13	0	0	13	20-82	0

Я щхьэцхэр ят

● Гудтытэ

Налшык дэт «Джи Бар Нальчик» щхьэщІэщапІэхэм иджыблагъэ щекІуэкІащ щхьэц тыным ехьалІауэ псапэ зыпылъ Іуэху.

АБы и къызэгъэпэщакІуэщ «М Драйв» жылагъуэ зэгухьэныгъэм и унафэщІ, волонтёр, «Уэ дунейр пхуэзэхуэкІынущ» фІэщыгъэм щІэту Рук Маргарет илъэситі ипэкІэ къыдигъэкІа тхылъым дуней псом щыщу ихуа ныбжьыщІэ 57-м ящыщ Белых Денис.

Илъэс 18 щрикъум жэрдэмщІакІуэм япэу лъы, плазмэ, тромбоцит, уеблэмэ къупщхьэ куІ итын щІидзащ. ЩІалэм сымаджэхэм зэрадэІэпыкъун зы Іэмали къигъанэркъым. Абыхэм ящыщ зыуэ кьаГъэтэ щхьэц тынри.

Щхьэцыр щыІах щыпІэхэр къыщызэрагъэпэщащ Урысейм и къалитхум: Москва, Воронеж, Новгород Ищхъэрэ, Краснодар, Налшык. Псоми ящІа гъэтІылъыгъэхэр Налшык щызэхуахьэсынурэ, узыфэхэм я зэранкІэ зи щхьэцыр пІалъэкІэ е игъащІэкІэ зыфІэкІуэдахэм парикэр щыхуащІу Великобританием куэд щІауэ щылажьэ фондым ирагъэхьынущ, иужькІэ дуней псом ахэр пщІэнщэу щызэбграгъэхьын папщІэ.

- Узыфэхэр дымыгъэхъужьыфми, дыхуейщ зигу къыщэдмыжхэм я узыншагъэр зэтеувэжыху я гукъыдэжыр къэзыІэтын Іуэху гуэрхэмкІэ защІэдгъэкъуэну, - жеІэ Денис.

Мы Іуэхур щекІуэкІа махуэм Налшык къылъысу цІыху 15-м, псори зэхэту Урысейм цІыху 70-м, я щхьэцхэр прагъэупщІри ятащ. КъызэгъэпэщакІуэм и мурадщ мы Іуэхур мазищ кьэс зэ иригъэкІуэкІыну. Псапэ пщІэнщ шэч хэмылъу хъарзынэщ, ауэ щхьэцым теухуауэ Кавказым щыпсэу ІыпкъэхэмкІэ кьадекІуэкІ хабзэхэр къэпльытэмэ, а Іуэхур куэдым даІыгъынри, зытхэм я щхьэцыр Инджылызым нэс ямышэу, Урысейм апхуэдэ Іэщ Іагъэлі имысыжынри зэхуэдэу фІэщщыгъуейщ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

Редколлегием хэтхэр:

ЖъэкІэмыхъу Маринэ (унафэщІ-редактор), Ширдий Маринэ (унафэщІ-редактор), Къаншокъуэ Эллэ (жэуап зыхь секретарь), Къардэн Маритэ, Къумахуэ Аслъэн, Нэщ Іэныджэ Замирэ, Чэрим Марианнэ, Щхьэщэмыщ Иэз.

Езыгъэтхаэр
«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).
● ● ● ● ● ● ● ● ●
КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщІ-редакторхэм - 40-48-54, 42-63-64, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.
КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; хабзэхъумэ Іуэхущ Іапіэхэм ядолжьэнымкІэ - 42-60-53; зыушыгъэр хъумэнымрэ экологиемкІэ - 42-22-89; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; хьыбарыщІэхэмкІэ - 42-22-88; щэхуэкІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэтчэтхым - 42-75-78

Теддэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжыгъэхэм, къыщаІэта Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ аэр зытхахэм нэсу жэуап яхь. Авторхэрэп редакцэмрэ я Іуэху еплъыкІэр зэтехуу зэпыту щыткъым.
Газетыр Іэ тезыдзахэм яхуэхьынымрэ пщэ дэлъщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.
Тел.: 76-01-28, 76-01-10
● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●
Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ Іапіэм ПИ № ТУ07-00117-м щІэту ятхащ
Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокІ 12+
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ.
357600, Ставрополь край, БэсэнІыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къудэм **ДыщэкІ Соня**, *редактору* **Жыласэ Заурбэч**, *корректорхэр* **Инэрокъуэ Аэзмэт** *(1, 2-нэ нап.),* **Нэужьокъуэ Заирэ** *(3, 4-нэ нап.). Компьютерхэм газетым и тепльэр ящІащ* **Дол Маринэ, Шомахуэ Марианнэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр П 5894 ● Тираж 1.839 ● Заказ №1784